

## UMUHARI UHARANIRA AGATEKA KA ZINA MUNTU MU BURUNDI "ITEKA"

*Ryemejwe n'itegeko nshikiranganji n°530/0273 ryo kuwa 10 Munyonyo 1994, risubiramwo itegeko n°550/029 ryo kuwa 6 Ruhuhuma 1991*

**KU GICANIRO N°6/2026. « Ku Gicaniro ni umugambi w'umuhari Iteka ukorera ku bisata mu bisata vyose vy'ubuzima bw'igihugu »**

### **ICEGERANYO C'UMUHARI UHARANIRA AGATEKA KA ZINA MUNTU MU BURUNDI « ITEKA » KU NYIFATO Y'AGATEKA KA ZINA MUNTU MU BURUNDI KIRINGO CA MUKAKARO -NYAKANGA 2026**



**Uwo uri wese ubahirizwa**


Mukwibuka umupfasoni Mariya Korodetta Kwizera, umunyabigega w'ishirahamwe Iteka, yabuzwe irengero kuwa kuwa 10 Kigarama 2015. Kuwa muri Kigarama 2015 gushika kuwa 30 Nyakanga 2026, abantu bashika 874 babuzwe irengero nibo ishishirahamwe Iteka ryamenyeshejwe, n'imiburiburi 87 barasubiye kuboneka abandi 787 ntibigeze basubira kuboneka. Umugwi w'igikorwa c'ishishirahamwe ry'ibihugu vyunze ubumwe ku kuburwa irengero waramaze kumenyesha Reta y'uBurundi n'imiburiburi abashika 269 babuzwe irengero.

#### **Ishirahamwe Iteka:**

- ♦ « Ni umunywani w'ishirahamwe mpuza bihugu vyo muri Afrika vyegwa n'agateka ka zina muntu, ni umunywanyi akorana n'urunani mpuzamakungu rw'amashirahamwe aharanira agateka ka zina muntu (FIDH),
- ♦ Rifise akaranga ko kwihweza imbere y'umugwi wa Afirika uharanira agateka ka zina muntu kuri numero iyerekana OBS.236 kandi ni umunywanyi wa ECOSOC.
- ♦ rigizwe n'Inani mpuzamashirahamwe 17 ku ntara hamwe n'ibisata 32 ».

<sup>1</sup><https://docs.un.org/fr/A/HRC/57/54>

**IKARATA NSHASHA Y'INTWARO MU BURUNDI**



|                                                                                |           |
|--------------------------------------------------------------------------------|-----------|
| <b>IMPFUNYAPFUNYO.....</b>                                                     | <b>4</b>  |
| <b>I. I N C A M A K E .....</b>                                                | <b>5</b>  |
| <b>II. IBISABWA .....</b>                                                      | <b>11</b> |
| <b>III. INTUMBERO Z'ICEGERANYO.....</b>                                        | <b>14</b> |
| <b>IV. UBUHINGA BWAKORESHEJWE.....</b>                                         | <b>15</b> |
| <b>V. INYIFATO Y'AGATEKA KA ZINA MUNTU MU BURUNDI.....</b>                     | <b>15</b> |
| <b>V.1.UBURENGANZIRA BW'ABANTU NO MURI PORITIKE.....</b>                       | <b>16</b> |
| <b>V.1.2. UBURENGANZIRA KU BUZIMA.....</b>                                     | <b>16</b> |
| <b>V.1.2.UBURENGANZIRA BWO KUDAKUBAGURWA.....</b>                              | <b>18</b> |
| <b>V.1.3.UBURENGANZIRA KU MWIDEGEMVYO N'UMUTEKANO.....</b>                     | <b>19</b> |
| <b>V.1.4. AMABI AFATIYE KU GITSINA.....</b>                                    | <b>22</b> |
| <b>V.2. UBURENGANZIRA KU MIBANO-UBUTUNZI N'IMICO KAMA.....</b>                 | <b>24</b> |
| <b>V.2.1. UBURENGANZIRA KU NDERO.....</b>                                      | <b>24</b> |
| <b>V.2.2.UBURENGANZIRA KUMAGARA .....</b>                                      | <b>24</b> |
| <b>V.2.3. UBURENGANZIRA KU MAZI.KU MUYAGANKUBA,KWISUKU N'UKUBAHO NEZA.....</b> | <b>24</b> |
| <b>V.3.UBURENGANZIRA BW'IMIGWI.....</b>                                        | <b>24</b> |
| <b>V.3.1. UBURENGANZIRA BW'ABAGORE.....</b>                                    | <b>26</b> |
| <b>V.3.2. UBURENGANZIRA BW'ABANA.....</b>                                      | <b>26</b> |
| <b>V.3.3. UBURENGANZIRA BW'ABANYORORO.....</b>                                 | <b>27</b> |
| <b>V.4.UMWIHWEZO W'IMIGWI Y'ABAKOZE AMABI YATOHOJWE .....</b>                  | <b>28</b> |
| <b>V.4.1. IGICE KININI C'ABAKOZE AMABI BATAMENYEKANYENE .....</b>              | <b>29</b> |
| <b>V.4.2. URUHARA RW'INZEGO ZO MU NTWARO N'IZO UMUTEKANO.....</b>              | <b>29</b> |
| <b>V.4.3.AHAGWIRIYE ABAKORA AMABI MENSHI.....</b>                              | <b>29</b> |
| <b>V.5. INYISHU Z'INZEGO KU MABI YATOHOJWE.....</b>                            | <b>30</b> |
| <b>V.5.1. INYISHU Y' URWEGO AHANINI YEREKEYE UBUTUNGANE.....</b>               | <b>30</b> |
| <b>V.5.2. ITANDUKANIRO RIKOMEYE UFATIYE KU BWOKO BW'IVYAHA.....</b>            | <b>30</b> |
| <b>V.5.3. INYISHU ZITANDUKANYE Z'UBUTUNGANE ATAHO ZIRASHIKA.....</b>           | <b>31</b> |
| <b>V.5.4. UKUBONA AMABI AKOMEYE ADAKURIKIRANWA BIKWIYE BITEYE AMAKENG.....</b> | <b>31</b> |
| <b>V.6. ISESANGURWA RICISHAKO KUVYABONETSE.....</b>                            | <b>31</b> |
| <b>V.6.1. IGWIRIRANA RY'IHONYANGWA RY'UBURENGANZIRA BWO KUBAHO.....</b>        | <b>31</b> |
| <b>V.6.2. AHAGWIRIYE AMABI YATOHOJWEKU BUTAKA BW'IGIHUGU.....</b>              | <b>32</b> |
| <b>V.6.3. UMUTEKANO UBANGAMIWE GUSUMVYA KU BAGABO.....</b>                     | <b>32</b> |
| <b>V.6.4. INYISHU Y'INZEGO ITANGANA BIVANYE N'AMABI.....</b>                   | <b>32</b> |
| <b>V.6.5. INGORANE ZIGUMA ZIBONEKEZA MWIMENYEKANA RY'ABAKORA AMABI.....</b>    | <b>32</b> |
| <b>V.6.6. UKO BABAYEHO MU MABOHERO BIGUMA BITEYE AMAKENG.....</b>              | <b>33</b> |
| <b>V.6.7. AMABI ASHIRA AHABONA INGORANE ZIFITANIYE ISANO.....</b>              | <b>33</b> |
| <b>VI. UGUSOZERA.....</b>                                                      | <b>34</b> |


|                    |                                                                                           |
|--------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>CNDD-FDD</b>    | : <i>Inama y'abanyagihugu iharanira intwaro rusangi-urunani rukingira intwaro rusangi</i> |
| <b>CNIDH</b>       | : Umugwi w'igihugu wigenga ujejwe agateka ka zina muntu                                   |
| <b>ECOFO</b>       | : Ishure shingiro                                                                         |
| <b>F</b>           | : W'igitsina gore                                                                         |
| <b>GBV/VBG</b>     | : Amabi afatiye ku gitsina                                                                |
| <b>H</b>           | : Umugabo                                                                                 |
| <b>ITEKA</b>       | : Ishirahamwe riharanira agateka ka zina muntu mu Burundi« ITEKA »                        |
| <b>KOBOTOOLBOX</b> | : Urubuga rutororokanya rukongera rugakora ku bikoreshwa mu gutohoza amabi                |
| <b>M</b>           | : W'igitsina gabo                                                                         |
| <b>SNR</b>         | : Igendereza ry'igihugu                                                                   |
| <b>VIH</b>         | : Umugera utera indwara ya SIDA                                                           |
| <b>VSBG</b>        | : Amabi afatiye ku gitsina                                                                |
| <b>ONG</b>         | : Amashirahamwe adaharanira inyungu za poritike                                           |
| <b>OSC</b>         | : Amashirahamwe yigenga                                                                   |

## I. INCAMAKE Y'IGIKORWA

Iki cegeranyo cihweza inyifato y'agateka ka zina muntu mu Burundi mu kiringo co kuva **kuwa mbere Mukakaro gushika kuwa 30 Nyakanga 2026**, ku gifatiye ku mabi yatohojwe n'umuhari uharanira agateka ka zina muntu mu Burundi « ITEKA » ubicishije ku banywanyi bawo batororokanya bakanakwirikirana. Umwihwezo ukorera ahanini kw'ihonyangwa ry'agateka ka zina muntu no muri poritike, amabi afatiye ku gitsina hamwe n'uko abari mu mabohero bamereye muri kino kiringo c'amezi 3. Kuri yose hamwe, **amabi 118** yaratohojwe muri iki kiringo, akorerwa **abantu 131**. Uko ayo mabi atonze vyerekana ko ahanini agizwe n'ayakora ku **burenganzira ku buzima**, aho incuro **67 abantu bishwe**, ni ukuvuga **56,8 % y'amabi yakozwe yaharuwe**. Inzo ncuro hahitanye **abantu 68**, abangana na **51,9 % y'abantu bose batohojwe bakozweko n'amabi**. Iryo gwirirana ry'ihonyangwa rikabije ni kimwe mu bintu nyamukuru vyerekana inyifato y'agateka ka zina muntu muri iki kiringo c'amezi atatu.

**Amabi afatiye ku gitsina (VBG)** agize umugwi wa 2 w'amabi yakozwe ku rwo hejuru, ku ncuro **29 z'amabi yakorewe abantu 29**, ni ukuvuga **24,6 % y'amabi na 22,1 % y'abayakorewe**. Mu bakorewe amabi afatiye ku gitsina, **15 barashurashujwe na 14 ayandi mabi afatiye ku gitsina**. Abagore ni **26 kuri 29 bakorewe amabi**, ku bagabo 3, ibishira ahabona uruhande ahanini rukorerwa ayo mabi. Ayandi mabi yatohojwe yerekeye **uguhagarikwa, ukunyuruzwa n'ukuborezwa igufa**. Uguhagarikwa vyakozwe **incuro 10 bikorerwa abantu 21**, ukunyuruzwa vyakozwe **incuro 6 bikorerwa abantu 7** et la torture n'ukuborezwa igufa **incuro 6 bikorerwa abantu 6**. Hari ikintu ahanini gitangaje kiri mu mwihwezo w'iyi migwi : abakorewe amabi baharuwe mu bahagaritswe, mu banyurujwe no mu baborejwe igufa ni abagabo gusa. Ivyo biranyuranye cane n'ivyabonetse ku mabi afatiye ku gitsina kandi birerekana ubudasa ufatiye ku bwoko bw'amabi.

### Igicapo 1 : Ikigara cerekana amabi hamwe n'iyi arangwa



### ⇒ Igwirirana ry'amabi riteye ubwoba ku burere bumwe bumwene

Amabi biboneka ko ari menshi ku burere butandukanye mu ntara zimwe zimwe. **Gitega** iza kw'isonga ku ncuro **39**, ni ukuvuga **33,1 %** kuri bose, igakwirikirwa na **Bujumbura ku ncuro 33 ni ukuvuga (28,0 %)**. Zonyene, izo ntara zibiri zakozwemwo **amabi 72 kw' 118**, ni ukuvuga **61,0 % y'amabi yose yatohojwe**. Ubwo bwinshi ntibwerekana naho biri uko intumbero imwe muri izo ntara zibiri. I **Gitega**, amabi y'ubwicanyi ariganje cane . Ku mabi 39 yatohojwe , **30 agizwe n'ubwicanyi**, ni ukuvuga **76,9 % y'amabi yaharuwe** muri iyo ntara. Gitega gutyo irimwo icakabiri c'ubwicanyi bwatohojwe ku rwego rw'igihugu (**30 kuri 67**). Ivyo bituma iyo ntara iba icumbi ry'amabi y'ubwicanyi muri iki kiringo c'amezi atatu.

I **Bujumbura**, ishusho y'amabi riri ubwoko bwinshi. La province compte Intara yakozwemwo **33 amabi incuro 33**, harimwo **11 z'ubwicanyi**, **6 z'uguhagarikwa**, **5 z'ukurunyuzwa**, **4 z'ukuborezwa igufa** na **7 z'amabi afatiye ku gitsina**. Yakoze ku bantu **17 muri 21 bahagaritswe** na **6 muri 7 banyurujwe** baharuwe ku rwego rw'igihugu. Bujumbura gutyo iboneka nk'akarere kabuzemwo cane umwidge mvyo, karimwo inyuruzwa n'ukuborezwa igufa, vyiyongera ku bwicanyi. Intara ya **Burunga** ku biyerekeye irimwo ahanini amabi afatiye ku gitsina. Aho incuro **11 ari amabi afatiye ku gitsina mu mabi 24 yahakorewe**, amabi afatiye ku gitsina aserukira **45,8 % y'amabi yaharuwe** muri iyo ntara. Burunga gutyo iharurwamwo incuro **11 mu ncuro 29 z'amabi afatiye ku gitsina yatohojwe ku rwego rw'igihugu**, ni ukuvuga **37,9 %**. Intara za **Butanyerera** na **Buhumuza** ziharurwamwo uko zikwirikirana incuro **14 na 8 z'amabi**. Naho uburemere uburemere ari buto kubw'i Gitega n'i Bujumbura, amabi yakorewe yo arangwa n'ihonyangwa rikomeye, nk'ubwicanyi, uguhagarikwa, ukunyuruzwa, ukuborezwa igufa n'amabi afatiye ku gitsina. Uruhara rw'abagirizwa amabi ruguma rugoye kwerekana

## I. INCAMAKE Y'IGIKORWA (Ibikurikira ku rupapuro 5)

### *Ikigara ca 1 : Ikigara cerekana abakoze amabi n'aho yakorewe*

| Abikekwako icaha      | Buhumuza | Bujumbura | Burunga   | Butanyerera | Gitega    | Zose       |
|-----------------------|----------|-----------|-----------|-------------|-----------|------------|
| Abaporisi             | 1        | 7         | 1         | 1           | 1         | 11         |
| Abatware              | 0        | 1         | 0         | 0           | 0         | 1          |
| Iperereza             | 0        | 5         | 0         | 1           | 0         | 6          |
| Iyindi migwi          | 0        | 5         | 5         | 1           | 8         | 19         |
| Abantu batamenyekanye | 4        | 6         | 12        | 5           | 16        | 43         |
| Imbonerakure          | 1        | 7         | 1         | 1           | 3         | 13         |
| Abishe inzoya         | 0        | 2         | 2         | 1           | 2         | 7          |
| Abasirikare           | 0        | 1         | 0         | 0           | 0         | 1          |
| Abihora               | 2        | 3         | 4         | 4           | 11        | 24         |
| <b>Bose hamwe</b>     | <b>8</b> | <b>37</b> | <b>25</b> | <b>14</b>   | <b>41</b> | <b>125</b> |


Umwihwezo w'abikekwako ivyaha canke abamenyekanye werekana ingorane ikomeye mu kwerekana uruhara rw'umwe umwe. Ku ncuro **125 zerekanywe ku migwi y'abakoze amabi uko vyibonekeza ku ntabo**, umugwi w'abantu batamenyekanye uza kw'isonga ku **ncuro 43**, ni ukuvuga **34,4 %**. Ivyo biharuro bihanitse vyerekana ingorane ikomeye ku vyerekeye ukudahana. Bisigura kw'igice gikomeye c'amabi yatohojwe bidakinda, ku rugero rwo gutohoza ko hatomorwa umwidondo w'ababikoze. Ivyo vyiyerekanye cane cane i **Gitega**, haharurwa incuro 16 abakoze amabi batamenyekanye, n'i **Burunga**, kuri 12.



**Uwo uri wese ubahirizwa**

## I. INCAMAKE YIGIKORWA (Ibikurikira urupapuro 6)

### Igicapo 2 : Igicapo cerekana abagirizwa amabi n'aho yakorewe



Iruhande, imigwi y'abakora amabi icuditse n'inzego canke abaramutswa umutekano nabo baratohojweko. Umushinge werekana **11 incuro 11 harimwo abaporisi, incuro 6 z'iperereza, 13 z' Imbonerakure, 1 kubo mu ntware na 1 kubasirikare**. Igaruka garuka ry'ababisha batamenyekanye n'iryo abatari mu nzego za Reta canke z'umutekano vyerekana ko hakenewe gukomeza ubuhinga bw'amatohoza, bwo gutora ababikoze n'uruhara rw'umwe umwe.

⇒ Inyishu y'inzego idatomoye

Ku **mabi 118 yatohojwe**, hari icakozwe ku ncuro **69**, mugihe atanakimwe cakoze ku ncuro **49**, ni ukuvuga **41,5 % y'amabi**. Urugero rw'amabi yose hagize igikorwa rushika kuri **58,5 %**.


### Ikigara 2 : Ikigara kigereranya amabi n'ibikorwa vyakozwe

| Ubwoko bw'amabi           | Igitigiri c'amabi | Igitigiri c'ivyakozwe | Aho ata nakimwe cakoze |
|---------------------------|-------------------|-----------------------|------------------------|
| Uguhagarikwa              | 10                | 3                     | 7                      |
| Ukunyuruzwa               | 6                 | 1                     | 5                      |
| Ukuborezwa igufa          | 6                 | 2                     | 4                      |
| Ubwicanyi                 | 67                | 46                    | 21                     |
| Amabi afatiye ku gitsi-na | 29                | 17                    | 12                     |
| <b>Vyose hamwe</b>        | <b>118</b>        | <b>69</b>             | <b>49</b>              |

Ubwoko bw'inyishu bwerekana inkuru yiyongerako ikomeye. Amatohoza y'ubutungane yugururwe **incuro 53**, amatohoza yo **hagati ku ncuro 9**, ingingo yo **guhana ku ncuro imwe, ku ncuro 6 vyashizwe ahabona**.

## I. INCAMAKE Y'IGIKORWA (Ibikurikira ku rupapuro 7)

### Igicapo 3 : Igicapo cerekana abahonyanze agateka ka zina muntu n'aho baherereye



Inyishu ihinduka bikomeye bivanye n'ubwoko bw'amabi. Ubwicanyi nibwo ahanini bwibonekeje gusumba ayandi mabi, ku **neuro 46 kuri 67**, ni ukuvuga **68,7 %**. Kuri ubwo, ibice **31,3 %** vy'ubwicanyi bwerekana ko **atanakimwe cakoze**. Ibintu birababaje cane kuyerekeye ukunyuruzwa: **incuro 5 kuri 6**, ni ukuvuga **83,3 %**, nta nakimwe zavuzweko. Uguhagarikwa kwerekana kandi urugero rwo hejuru rwo kudakwirikirana, aho **incuro 7 kuri 10**, ni ukuvuga **70 %**, mugihe ukuboreza igufa **haharurwa incuro 4 kuri 6**, ni ukuvuga **66,7 %**, ata kintu nakimwe cakurikiranywe.

### Ikigara 3 : Ikigara c'inyishu z'intwari

| Ubwoko bw'amabi           | Amatohoza | Amatohoza y'ubutungane | Ibihano  | Amatangazo | Aho atacakozwe |
|---------------------------|-----------|------------------------|----------|------------|----------------|
| Uguhagarikwa              | 1         | 1                      | 0        | 1          | 7              |
| Ukunyuruzwa               | 0         | 1                      | 0        | 0          | 5              |
| Ukuborezwa igufa          | 1         | 1                      | 0        | 0          | 4              |
| Ubwicanyi                 | 4         | 37                     | 0        | 5          | 21             |
| Amabi afatiye ku git-sina | 3         | 13                     | 1        | 0          | 12             |
| <b>Vyose hamwe</b>        | <b>9</b>  | <b>53</b>              | <b>1</b> | <b>6</b>   | <b>49</b>      |


Ivyo biharuro ntibituma umuntu ko abarongozi atangingo n'imwe bafashe ku bintu vyose vyabaye. Co kimwe, ukugurura amatohoza y'ubutungane ntibisigura, vyonyene ko, ubuhinga bwashitse ku gushobora kumenya ababisha, ku bacira urubanza canke gushumbusha abakorewe akabi. Igitigiri gito cane c' **ibihano: kimwe conyene ku mabi 118**, naho biri uko birateye amakenga cane ku vyerekeye uruhara rw'abakoze amabi mugihe vyamenyeshejwe ababijewe mu ntwaro.

⇒ **Ubuzima bwo mu mabohero buguma butituka**

Ukuntu amabohero yifashe ni ibindi vyerekana inyifato y'agateka ka zina muntu muri aya mezi atatu. Ku bushobozi bw'igihugu bw'ibibanza **4 294**, abanyagihugu baboshwe bashitse kuri **12 267 muri Mukakaro, 12 453 muri Myandagaro, hanyuma 12 521 muri Nyakanga 2026**. Hagati ya Mukakaro na Nyakanga, abanyagihugu baboshwe biyongereye gutyo igitigiri c'abantu **254, ni ukuvuga hafi 2,1 %**. Urugezo rwa bose ku bapfunzwe bavuye kuri **286 % muri Mukakaro gushika kuri 292% muri Nyakanga**, bikemeza ko baguma **baba benshi cane mu mabohero**.


## I. INCAMAKE Y'IGIKORWA (Ibikurikira ku rupapuro 8)

### Igicapo 4 : Uko vyagiye birahinduka ku banyororo



Ihindagurika ry'igitigiri c'abapfunzwe bisaba gukwirikiranirwa hagufi. Igitigiri c'abapfungwa cavuye ku **5 782** muri **Mukakaro kija kuri 6 259** muri **Nyakanga**, ni ukuvuga kwiyongerako **abantu 477**. Muri ico kiringo nyene, igitigiri c'abakatiwe cavuye kuri **6 388** gushika kuri **6 189**, ni ukuvuga abantu **199**. Muri Nyakanga, abatarakatirwa gutyo babaye benshi gato gusumba abakatiwe.

### Igicapo 5: Uko vyagiye birahinduka ku gitigiri c'abatarakatirwa n'abakatiwe




Iryo hindagurika ryerekana ikimenyetso gikomeye ku vyerekeye ivyo gupfunga imbere yo guca urubanza kandi bisaba gukwirikiranirwa hagufi kuvyerekeye ku kiringo, kuronswa ubutungane no kwubahiriza ingingo bivanye n'uko ugupfunga ivyo agateganyo bigengwa n'itegeko.

Ibintu bimeze nabi cane mu mabohero menshi. Muri Nyakanga, urugezo rw'abapfunzwe ni **771 % i Muramvya**, **528 % ku Mpimba**, **472 % i Ngozi-H** na **363 % i Gitega**. No mu mabohero bagabanutse, nk'i Muramvya na Ruyigi, abapfungwa baguma ari benshi cane.

## I. INCAMAKE Y'IGIKORWA (Ibikurikira ku rupapuro 9)

| Ibohero      | Ubushobozi | Mukakaro 2026 | Myandagaro 2026 | Nyakanga 2026 |
|--------------|------------|---------------|-----------------|---------------|
| BUBANZA      | 200        | 407           | 412             | 423           |
| BURURI       | 250        | 258           | 264             | 268           |
| CMCL RUMONGE | 72         | 47            | 90              | 86            |
| CMCL RUYIGI  | 72         | 47            | 44              | 52            |
| GITEGA       | 400        | 1365          | 1422            | 1450          |
| MPIMBA       | 800        | 4117          | 4190            | 4226          |
| MURAMVYA     | 100        | 840           | 835             | 771           |
| MUYINGA      | 300        | 578           | 562             | 578           |
| NGOZI F      | 250        | 228           | 233             | 240           |
| NGOZI H      | 400        | 1826          | 1823            | 1889          |
| RUMONGE      | 800        | 1450          | 1470            | 1489          |
| RUTANA       | 350        | 420           | 422             | 437           |
| RUYIGI       | 300        | 684           | 686             | 612           |
| Yose hamwe   | 4294       | 12267         | 12453           | 12521         |

### Igicapo 6: Ihindagurika ry'igitigiri c'abapfungwa kw'ibohero



#### ⇒ Muri rusangi harangwa ihonyangwa rikomeye

Umwihwezo w'amezi 3 werekana ibintu vyinshi bikomeye.

Ubwambere, **ihonyangwa rikomeye riguma ryiziziye agateka ka zina muntu**, ubwicanyi bugizwe n'abirenga ica kabiri c'amabi n'abayakorewe vyatohojwe.

Ubwa kabiri, amabi ntakwiragiye kumwe ku butaka bw'igihugu. **Gitega na Bujumbura ziharije 61 % y'amabi**, ariko ku mashusho atandukanye : ubwicanyi bukabije bugwiriye i Gitega, mugihe i Bujumbura hagwiriye igice kinini c' abahagarikwa, ukunyuruzwa hamwe n'ukuborezwa igufa .

Ubwa gatatu, **amabi afatiye ku gitsina biragwiriye**, aho hafi ica kane c'amabi yatohojwe n'umugwi munini cane uri i Burunga, Gitega na Bujumbura.

## I. INCAMAKE YIGIKORWA (Ibikurikira ku rupapuro 10)

Ubugira kane,urugezo rutari ruto rw'ababisha batamenyekanye n'igitigiri cibusunuye c'aho atacakozwe bitera kwibaza **kw'itomora ry'ubuhinga bwo kwerekana uruhara rw'umwe umwe no kurwanya ukudahana.**

Ubugira gatanu,ubuzima bwo mu mabohero buguma bumeze nabi cane.Ukwiyongera bibandanya kw'abanyagihugu bapfunzwe,bivanganye n'urugezo rwa bese rwari rusanze ruteye ubwoba rw'abababa incuro 3 ku bushobozi bw'ukwakirwa buzwi,vyerekana ko ikibazo c'amabohero kitakiri ingorane isanzwe ariko **ingorane yitunganywa ikenera ingingo z'ubutungane,intwari n'amabohero bitomoye.**

Vyose hamwe,ivyatohojwe muri iki gice ca gatatu 2026 gutyo vyerekana amabi aguma akorwa ukuri kwamye bigakora haba **ku burenganzira ku buzima,ku burenganzira bw'ukudakubagurwa ku rukoba no ku mubiri, ku burenganzira bw'umwideremvye n'umutekano w'umuntu,ku burenganzira bwo gukinga amabi afatiye ku gitsina hamwe ku burenganzira bw'abapfungwa.** Ibiharuro bihari bitumirira,hejuru yo kugira ico bavuze honyene ku mabi yakozwe ku nyishu y'inze ihengamiye ku **gukinga,kwerekana uruhara rw'umwe umwe, kuronsa ubutungane ababukeneye bese,gukingira abakorewe amabi n'amasura yabo,hamwe no kugabanya ibitigiri vy'abapfungwa.** Ni muri icyo gihe honyene inyishu zabonetse zoshobora kurengera ugutorera umuti amabi vyonyene kandi bikunganira uguteza imbere birama agateka ka zina muntu mu Burundi.

## II. IBISABWA

### ⇒ *Umukuru w'igihugu c'u Burundi*

1. **Gukingira biboneka** uburenganzira ku buzima,uburenganzira bw'ukudakubagurwa hamwe n'umutekano ku muntu,nko mugukomeza ubuhinga bwo gukinga,ukugenzura no kubishinga abakozi n'abandi bafise uruhara mu mw'ihonyanga ryatohojwe.
2. **Gutegeka** ko amabi yose akomeye akorwako amatohoza n'ubwitonzi bukabije,yigenga kandi adahengamye, no **kubona** abikekwa ko akabi bashizwe mu nzira y'ubutungane bubijewe,atakuraba igihagararo cabo,aho bahengamiye muri poritike canke ico bari.
3. **Gushiraho** icuka corohereza akazi k'amashirahamwe aharanira agateka ka zina muntu, k'abamenyeshamakuru n'abandi bajewe gutohoza amabi,mu gukingira umutekano wabo n'ukubaronsa amakuru akenewe.

### ⇒ *Ku bushikiranganji bw'intwari yo hagati mu gihugu,bw'iterambere ry'abanyagihugu n'umutekano w'igihugu*

1. **Ku raba** ko ihagarikwa ryose rikurikije amategeko, ryanditswe neza kandi ryemewe n'ibitegekanywa n'amategeko,nko kuronswa uwubaburanira,ku bimenyesha umuryango no kubereka uburungozi bw'ubutungane bubijewe.
2. **Gukomeza** ubuhinga bwo kwerekana uko bahagarika no gupfunga abantu ,hamwe no kugenzura hakwirikijwe urutonde ku bikorwa vy'umutekano,cane cane mugihe c'inyuruzwa ,uguhagarikwa biciye kubiri n'amategeko no gupfunga bidakwirikije amategeko.
3. **Guhugura** urutavanako abajewe umutekano ku bijanye n'agateka ka zina muntu,gukurikiza amategeko no kurwanya uuborezwa igufa,ububisha,ugufatwa bunyamaswa canke gusuzuguzwa.

### ⇒ *Ku bushikiranganji bw'ubutungane n'abarongozi mu butungane*

1. **Gukwirikirana** bishemeye amatohoza **53 yuguruwe y'ubutungane** muri iki kiringo n'ukunyarutsa guca imanza zijanye n'amabi akomeye,nk'ubwicanyi,ihohoterwa rifatiye ku gitsina ,ukuborezwa igufa, ukunyuruzwa n'uguhagarikwa biciye kubiri n'amategeko.
2. **Ugukomeza** ubwigenge, ukudahengama n'ubushobozi bw'ubutungane kugira hashoboke amatohoza n'ubuhinga bukwirikije intumbeho y'ubutungane n'agateka ka zina muntu.
3. **Kugabanya** ugupfunga ivyo agateganyo, hihweje igwirirana ry'igitigiri c'imbohe,cavuye ku **5 782 muri Mukakaro kija ku 6 259 muri Nyakanga 2026**, mu gushira imbere,aho amategeko abirekura ,ingingo zosubirira gupfunga.

### ⇒ *Ku giporisi c'u Burundi, kw'iperereza n'abandi bajewe umutekano*

1. **Gukinga** no **guhana** ababoreza igufa bese, ukunyuruzwa,uguhagarikwa biciye kubiri n'amategeko canke ugufata nabi bikorwa n'abaporisi.
2. **Kumenya** irengero ku bikorwa birimwo ugupfunga no **kubuza** kwunguruza umupfungwa canke kumupfungira ahatazwi n'igenzurwa ry'indongozi z'ubutungane.

3. **Gukorera hamwe** n'uburongozi bw'ubutungane mu matohoza yerekeye abakozi babwo no **gukomeza** uruhara rw'umwe umwe mugihe yakozwe canke yababariwe.

⇒ ***Ku barongozi b'amabohero no ku Bushikiranganji bw'ubutungane***

1. **Gushira mungiro** intumbero y'igihugu yo gutezurira amabohero, mu gushira imbere amabohero afise ibiharuro binini gusumba ayandi.

2. **Gusubira kwihweza** ku mwanya ku mwanya uko abanyororo batunganirizwa, nk'abapfunzwe ivyo agateganyo, kandi **bashire imbere** kuronsa ubufasha bw'ubutungane gushika ku buhinga bwemewe n'amategeko bigatuma badateba mu mabohero.

3. **AméliorerGuteza imbere** uburyo bapfungwamwo, nko kubaronsa amazi, isuku, ubuvuzi hamwe n'aho baba habereye, kandi **hashirwe kumugaragaro** ku mwanya ku mwanya ibiharuro bigezweko, ubushobozi bw'ukwakira abapfungwa n'amategeko abagenga.

⇒ ***Ku bushikiranganji muvyo bujewe harimwo igitsina, ibijanye n'imibano hamwe n'uburenganzira bwa kiremwa muntu.***

1. **Gukomeza** imiken-yuro yo gukinga, kwitwararika no gukingira abakorewe amabi afatiye ku gitsina, nko kubaronsa ubuvuzi, kubaremesha, kubafasha mu butungane no muvyo kwibeshaho.

2. **Gukingira** abakorewe amabi hamwe n'ivyabona n'ugukomeza imiken-yuro yo gutohoza no gukwirikirana abikekwako amabi afatiye ku gitsina.

3. **Guteza imbere** ugutororokanya ibiharuro bijanye n'ihohoterwa rifatiye ku gitsina kugira rishobore gukwirikirana neza impinduka yaryo hamwe n'ingene inzego zirifata.

⇒ ***Ku mugwi w'igihugu wigenga ujejwe agateka ka zina muntu (CNIDH)***

1. **Gukomeza** ikwirikirana ryigenga no **gukora** ingendo z'urutavanako, nko mu mabohero afise abanyororo benshi birenze urugero gusumba ayandi.

2. **Gukwirikiranira** hafi ibirego hamwe n'ababorezwa igufa, abanyuruzwa n'abahagarikwa inzego zibijewe zitaronkera inyishu, kandi **hagatangwa** n'inyishu zitomoye z'ubuhingabwo kubikwiranira hagufi.

⇒ ***Ku ndongozi za CNDD-FDD hamwe n'indongozi z'Imbonerakure***

1. **Gutanga** amategeko kandi ata makenga arimwo bikabuza abanywanyi babo kwivanga mu bikorwa vy'ihohoterwa, vy'uguhagarika abantu mu buryo budakurikije amategeko, vy'ukunyuruza canke guhonyanga agateka ka zina muntu.

2. **Gukorana** n'inzego z'ubutungane no **gufata** ingingo zibereye igihe abanywanyi baze uruhara mu bikorwa vyo kurenga amategeko, ata gukingirwa n'umugambwe canke ishirahamwe barimwo, imbere y'ubutungane.

⇒ ***Ku barongoye intara hamwe n'inzego z'intwari mu gihugu hagati***

1. **Gukomeza** uburyo bwo gutabaza hakiri kare no gutanga amakuru yerekeye ihonyangwa ry'agateka ka zina muntu ku babifitiye ububasha.

2. **Kworosha** igikorwa c'amatohoza, y'amashirahamwe aharanira agateka ka zina muntu n'abandi bajewe gutohoza amabi, n'ukwihanganira intambanyi yose canke iterabwoba.

⇒ ***Ku bafasha mpuzamakungu, abaserukira ibihugu, ibihugu vyunze ubumwe n'ayandi mashirahamwe mpuzamakungu***

1. **Gukomeza** ugukwirikirana uko agateka ka zina muntu kifashe mu Burundi n' **ugutera intege** abarongozi bakore amatohoza yigenga,adahengamye no munzira nziza ku mabi yatohojwe.
2. **Gushigikira** ubuhinga bw'ubutungane,gufasha mu vy'amategeko, gukingira abakorewe amabi n'ivyabona vyabo, gukinga kuboreza igufa hamwe n'ugufata mu mugongo abakorewe amabi afatiyiye ku gitsina.
3. **Gushigikira** utwigoro two kugabanya abanyororo mu mabohero,guteza imbere uburyo bapfungwamwo n'ugukomeza ubuhinga bw'igihugu bwo gutororokanya n'ukwihweza ibiharuro bijanye n'agateka ka zina muntu.

⇒ ***Ku mashirahamwe y'abigenga,abaharanira agateka ka zina muntu n'ibimenyesha makuru***

1. **Gukomeza** amatohoza y'amabi n'ubwitonzi bwinshi,nk'ayo abayakoze bataramenyekana, n' **ugukwirikiranira** ivyabaye ku nzego zibijejwe.
2. **Guteza imbere** itororokanya, hamwe n'ugusuzuma ibiharuro kugira bifashe gutahura neza ihindagurika ry'ibihe hamwe n'integuro z'ibikorwa bibereye vy'ukuri.
3. **Kwereka** abakorewe amabi ubuhinga bw'ugukinga,bw'ubufasha bw'ubuvuzi, bw'imibereho n'ubutungane, mu **gukomeza** ingingo z'umutekano z'abaharanira agateka ka zina muntu,ivyabona n'amasoko.
4. **Ukubahuriza**, mu kumenyesha amakuru yerekeye ihohoterwa, ingingo zo gusuzuma amakuru,zo gukingira agateka n'ubuzima bw'abahohotewe hamwe n'ivyabona,n' **ukurwanya** ugushira ahabona ikintu cose gishobora gutuma umutekano wabo ubangamirwa.



***Uwo uri wese ubahirizwa***

### III.INTUMBERO Y'ICEGERANYO

#### III.1. INTUMBERO MURI RUSANGI

Intumbero rusangi y'iki cegeranyo ni ico **ukwerekana uko ivyo agateka ka zina muntu mu Burundi kihwejwe kakanatohozwa kuva ku musu wa mbere wa Mukakaro gushika kuwa 30 Nyakanga 2006**, à partir des incidents gifatiye ku mabi n'abo yakorewe batohojwe mu ntara 5 zakurikiranywe n'umuhari uharanira agateka ka zina muntu mu Burundi « ITEKA ».

#### III.2. INTUMBERO NYEZINA

1. **Gutohoza no gutomora** amabi nyamukuru y'ihonyangwa ry'agateka ka zina muntu yaharuwe mu gice ca gatatu c'umwaka wa 2006, nk'ubwicanyi, ihohoterwa rifatiye ku gitsina, uguhagarikwa, ukunyuruzwa n'ukuborezwa igufa, co kimwe n'igitigiri c'ababikorewe ;
2. **Ukwihweza ikwiragira hamwe n'intumbero** y'amabi yatohojwe mu ntara, imibi y'ihohoterwa, n'yo ibiharuro vyabonetse, hakwirikijwe igitsina c'abakorewe amabi n'umugwi w'abayakora bavurwa;
3. **Gusuzuma inyishu zanditswe z'inze** ku mabi yatohojwe, nk'amatohoza yo mu gihugu hagati, amatohoza y'ubutungane, ingingo z'ibihano n'ibindi vyakozwe, kugira hamenyekane ubudasa buri hagati y'amabi yakozwe n'inyishu zatowe ;
4. **Gusuzuma uko vyifashe mu mabohero** muri kino gice, cane cane ivyahindutse ku bapfungwa, urugezo rw'ibitigiri bihanitse biri mu mabohero n'ubudasa buri mu bapfunze ivy'agateganyo hamwe n'abakatiwe.

#### III.3. INGUUVU Z'UMWIHWEZO

**Izo ntumbero zikurikiranwa hisunzwe ibiharuro bitohojwe neza kandi biboneka mu kiringo cakorewekoe. Iki cegeranyo rero ntikigamije kwerekana amabi yose ashobora kuba yarakozwe mu Burundi, ariko kwihweza ivyakozwe vyashoboye gutohozwa n'ugusuzumwa n'ubuhinga bwo gukwirikirana bw'umuhari ITEKA.**

Umwihwezo uratandukanya, uko ibiharuro bivyerekana, **amabibakorewe**, imigwi yavuzwe y'abakoze amabi n'inyishu zatanze n'inze. Ivyavuyemwo gutyo bitegerezwa gusigirwa n'ifoto yerekana uko vyari bimeze mugice cose, ariko atari nk'ingingo yikwiye ku mabi yakozwe ku butaka bwose bw'igihugu.



**Uwo uri wese ubahirizwa**

#### IV. UBUHINGA BWAKORESHEJWE

Umuhari uharanira agateka ka zina muntu « ITEKA » ushingira ku **mwihwezo uhozako w'inyifato y'agateka ka zina muntu**, bikorwa n'abakorera bushake bawo n'abarorerezi babicishije mu nani n'ibisata vyawo. Itohoza rihagaze nko mugutororokanya amakuru, ibiganiro hamwe n'abantu batandukanye hamwe n'intahe z'abakorewe amabi n'ayandi masoko ahari. Amakuru yatororokanijwe yaranditswe yongera ashingurwa muri **KOBOTOOLBOX**, ifasha cane mu gutunganya amakuru no mugukora ibigara n'ibicapo biri mu cegeranyo.

Kuri iki cegeranyo c'amezi 3, ubwo buhinga bwarafashwe. Ibiharuro bijanye n' **amezi ya Mukakaro na Myandagaro 2026** vyavuye mu vyegeranyo vya buri kwezi vy'umuhari ITEKA, mugihe ivya **Nyakanga 2026** vyavuye mu vyegeranyo vyo ku ndwi biboneka mugihe c'ugushira hamwe amakuru. Uko guteranya amasoko bifasha kwerekana inyifato y'igice hisunzwe urugezo rw'amakuru atandukanye ku biringo. Ibiharuro vyashizwe mu migwi bica birihwezwa hisunzwe nk'intara, **ubwoko bw'amabi, igitigiri c'amabi, igitigiri c'abakorewe amabi, igitsina cabo, imigwi y'ababikoze bavuzwe n'inyishu zatanzwe n'inzego zabonetse**. Ugutandukanya vyaragumye ho hagati y'igitigiri c'amabi yakozwe, ihohoterwa rimwe rishobora gukorewa abantu benshi.

Ibiharuro vyerekanwa muri iki cegeranyo bitegerezwa gutahurwa nk' **ibintu vyatohojwe n'ubuhinga bw'ugukwirikirana bw'umuhari ITEKA** ariko si ibiharuro vyaheze vy'amabi yose yabaye mu Burundi. Ukwigengesera biguma bikenewe mu gusobanura ibiharuro, nko mu bintu vyatohojwe canke ugusuzuma bishobora rishobora kuba bidakwiye canke bikazohinduka mu nyuma.

Mu gusozera, ibiharuro bijanye n'inyishu z'inzego vyerekana **ibikorwa bikorwa mugihe c'ugutunganya icegeranyo**. Ukudakora na kimwe vyibonetse ntivyama bisigura ko abarongozi atantambwe n'imwe bagerageje, ariko ko atacakozwe catohojwe mu makuru ahari.

#### V. UKO AGATEKA KA ZINA MUNTU KIFASHE MU BURUNDI : MUKAKARO-NYAKANGA 2026

Mu gice ca gatatu 2026, umuhari uharanira agateka ka zina muntu mu Burundi « ITEKA » waharuye **amabi 118 yakoze ku bantu 131** mu ntara 5 zigize igihugu wakwirikiranye. Ibintu vyaharuwe vyerekeye ahanini ukwaka ubuzima, ihohoterwa rifatiye ku gitsina, uguhagarikwa, ukunyuruzwa hamwe n'ukuborezwa igufa. **Ubwicanyi bugize umugwi munini gusumba ayandi mabi**, ku ncuro 67 zahitanye ubuzima bw'abantu 68, ni ukuvuga abarenga ica kabiri c'amabi n'abayakorewe vyatohojwe muri kino kiringo. Bukwirikirwa n'ihohoterwa rifatiye ku gitsina, ku ncuro 29 vyakorewe abantu 29. Uguhagarikwa, ukunyuruzwa n'ukuborezwa igufa vyakozwe uko bikwirikirana incuro 10, 6 na 6.

Uko bikwiragiye mu gihugu vyerekana ibitigiri bidasanzwe vy'amabi mu ntara za **Gitega na Bujumbura**, zikwiza incuro 72 ku ncuro 118 hatohojwe amabi, ni ukuvuga **61 %** kuri bose. Iryo gwirirana bisaba kurikwirikirana hagufi mu mwihwezo, co kimwe n'ukuntu vyabonetse mu ntara zimwe zimwe, nk'ubwicanyi burenze urugero i Gitega n'uburemere bw'ihohoterwa rifatiye ku gitsina i Burunga. Umwihwezo ukwirikira usuzuma ibiharuro ku mugwi w'uburenganzira n'ubushakashatsi bwo kwerekanwa, hejuru y'ibitigiri, ahanini ivyibonekeje muri iki gice, uko bikwiragiye ku butaka bw'igihugu hamwe n'inyishu z'inzego zabonetse.

## **V.1. UBURENGANZIRA BWO KWIGENGA NO MURI PORITIKE**

Uburenganzira bwo kwigena no kuja muri poritike bugize igisata nyamukuru cakoze n'amabi yatohojwe muri iki gice c'amezi atatu 2026. Amabi yerekeye nk'uburenganzira bwo kubaho,uburenganzira bwo kudakubagurwa ku mubiri no mu vyiyumviro ndetse n'uburenganzira bwo kwidegemvya n'umutekano w'abantu. Ubwinshi bw'abishwe mu biharuro vy'ikiringo c'amezi atatu ni ikintu giteye umutima uhagaze. Burikumwe n'ubundi bwoko bw'amabi,nko kunyuruzwa,uguhagarikwa n'ayandi mabi yo gukubagurwa,cane cane igitsina gabo nico gihura n'ayo mabi dufatiye ku biharuro bihari. Umwihwezo uri aha munsu werekana wikurikiranya impengamiro nyamukuru ijanye n'ayo mategeko.

### **V.1.1. UBURENGANZIRA BWO KUBAHO**

Mu gice ca gatatu 2026,umuhari ITEKA watohoje incuro **67 z'ubwicanyi zahitanye abantu 68 bishwe** mu ntara 5 zakoreweko. Ubwicanyi bugize gutyo umuce w'amabi akomeye yo muri iki gice,agizwe n'ibice **56,8 % mu mabi118 yatohojwe n'ibice 51,9 % mu bakorewe amabi baharuwe**. Hgabanganijwe ayo mabi mu ntara,amabi menshi yakozwe mu ntara ya **Gitega**, aho incuro 30 zatohojwe,ni ukuvuga ibice **44,8 % muri rusangi ku ncuro zaharuwe ku rwego rw'igihu**. Bujumbura iza ubwa kabiri ku ncuro 11,ikurikirwa na Burunga ku ncuro 12, Butanyerera ku ncuro 9 na Buhumuza ku ncuro 5.

Ibintu vy'i Gitega ntibitandukaniye ku gitigiri c'amabi yakozwe gusa,ariko kandi n'uburemere bw'ubwicanyi mu mabi muri Rusangi yahatohojwe. Ku mabi 39 yaharuwe muri iyo ntara,30 ni ubwicanyi,ni ukuvuga ibice **76,9 %**. Urwo rugezo ruha Gitega imbono yisangije yanzwe n'uguhungabana rw'uburenganzira bwo kubaho mu kiringo c'iki cegeranyo. Bujumbura yerekana,nayo,yerekana ibintu bitandukanye. Ku ncuro 11 z'ubwicanyi ku mabi angana 33 yatohojwe,amabi yahungabaniye uburenganzira bwo kubaho angana ibice **33,3 %** vy'amabi.Iyo ntara Iyo ntara yegeranya ariko igice kinini mu yandi mabi akomeye yatohojwe mu mezi atatu,nko guhagarika no kuburwa irengero.

I Burunga, abantu12 bishwe ku mabi 24,ni ukuvuga ibice **50 %**. I Butanyerera, incuro 9 ku ncuro z'amabi14 ni ukuvuga ibice **64,3 %**, mu gihe i Buhumuza, incuro 5 z'ubwicanyi zerekana ibice **62,5 %** ku mabi 8 zatohojwe mu ntara. Ku vyerekeye igitsina c'abakorewe amabi,ibiharuro vyegeranijwe vyerekana **abagabo 33 n'abagore 35** ku bantu 68 bakorewe amabi.Abagore barasumba gato igice c'abishwe batohojwe muri iki gice c'amezi atatu. Ukwo kugabanganya vyibutsa gukurikira bidasanzwe mu mwihwezo w'imvo z'impfu no mu tohoza amabi ashobora gukora ku buryo butandukanye abagabo n'abagore.


Ku rundi ruhande, **ibiziga 58 vyaratowe** pmu bakorewe amabi baharuwe. Ivyo bitigiri ni ibintu bikomeye mu matohoza y'amabi ahungabanya uburenganzira bwo kubaho,ariko ntibifasha vyonyene,kumenya imvo nyayo y'urupfu ndetse no kumenya bunonyene uruhara rw'abakoze amabi. Muri rusangi,ibitigiri vy'iki gice bishira ahabona **ubwinshi bw'amabi ahungabanya uburenganzira ku buzima**, ku bantu benshi bibonekeza mu ntara ya Gitega. Ukugumana ibitigiri vy'ubwicanyi biri hejuru,bifatanye n'ukumenya abakoze amabi mu bice bikomeye vy'amabi yatohojwe,ni ikintu gikeneye gukurikiranywa cane,nko mu vyerekeye amatohoza hamwe n'ubutungane.

## II.1.1 UBURENGANZIRA KU BUZIMA(Ibikurikira urupapuro 16)

**Ikigara 5 : Ukugabanganya incuro z’ubwicanyi intara ku ntara**

| Intara      | Incuro z’ubwicanyi | Igitigiri c’abakorewe amabi |                 | Abagabo | Abagore |
|-------------|--------------------|-----------------------------|-----------------|---------|---------|
|             |                    | Ubwicanyi                   | Ibiziga vyatowe |         |         |
| Buhumuza    | 5                  | 3                           | 2               | 4       | 1       |
| Bujumbura   | 11                 | 3                           | 8               | 10      | 1       |
| Burunga     | 12                 | 6                           | 6               | 11      | 1       |
| Butanyerera | 9                  | 6                           | 3               | 6       | 3       |
| Gitega      | 30                 | 15                          | 16              | 27      | 4       |
| Zose hamwe  | 67                 | 33                          | 35              | 58      | 10      |

**Igicapo7: Ukungabangana incuro z’ubwicanyi intara ku ntara**



⇒ **Uburorero bwerekana ubwicanyi bwatohojwe**

**AK1: Umugabo w’imyaka hafi 60 yishwe i Bubanza : kuwa 4 Mukakaro 2026.**

I Bubanza,umugabo azwi kw’izina rya Nkinamugwanko, w’imyaka 60,yarishwe kuwa 4 Mukakaro 2026 hafi y’isaha zitatu z’igitondo. Yaragiye gusenga igihe imbonerakure zamutemaguza umupanga. Yapfiriye aho nyene. Iryo bara ryabereye ku mutumba Gitanga,muri zone Muramba, Bubanza, mu ntara yaproe Bujumbura.

Ku bwo intwao zaho,yoba yagirijwe uburozi. Ariko hari hacye imyaka mike hari amatati hagati y’umuryango wagutse wo mu muryango wiwe,amatati y’amatongo. Abantu 2 bikekwa muri urwo rupfu barahunze..

Mu kwihorera,abanyamuryango bagerageje kwihanira,mugutemagura umurima w’ibitoke,muguturira inzu z’wo muryango bafise ivyo bapfa.Inzu zitatu z’uwo muryango waronderwa zarataye ingo zabo mugutinya umutekano wabo. Igiporisi cahagaritse abahungu 2 bari mu gasho ka komisariya ya Bubanza .

**Ak2: Ikiziga ca Olivier Nzoyihaya catowe i Mugina :kuwa 9Mukakaro 2026.**

Olivier Nzoyihaya, w’imyaka 20 , yarabuzwe irengero buca biba,yatowe ikiziga mu kinogo i Nyamikoma, muri zone Buhoro, muri komine Mugina. Amakuru yatororokanijwe,ikiziga cari gifise igikomere mu mutwe hamwe n’ikimenyetso c’uko yanizwe. Abazamu b’ikirindiro cimbamwo ubutare n’indongozi zibiri z’amashirahamwe barahagaritswe,imbere yuko abo nyene barekurwa.Isoko ryo mu giporisi ryamesheje ko amahera angana imiriyoni 25 z’amafaranga y’amarundi zoba zaratanze kugira barekurwe. Ni akarorero kerekana neza na neza imigenderanire ishobora kuba iri hagati yo kuburwa irengero,urupfu rudasiguritse,ugucukura ubutare,ibiturire vyarezwe hamwe no gukenera amatohoza abereye.

**Ak3: Ikiziga ca Musafiri catowe caciwe umutwe mu Rutana :kuwa 26 Nyakanga 2026.**

## II.1.1 UBURENGANZIRA KU BUZIMA (Ibikurikira urupapuro 17)

Musafiri, umudandaza w'imyaka hafi imyaka 46 kandi umunywanyani wa CNDD-FDD, yatowe hanyuma acibwa umutwe impande y'uruzi Maragarazi, i Gihofi, muri komine Bukemba, mu ntara ya Rutana. Imvo z'urwo rupfu, abakoze iryo bara hamwe n'ivyavuye mu butungane ntibiramenyekana mu gihe co gutororokanya amakuru. Ni urupfu rwerekana igarukagarukary'ubwicanyi ndengerabutungane aho abakoze ibara bataramenyekana kandi hakagorana kumenyekana vyihuse abakoze ayo mabi.

## V.1.2. UBURENGANZIRA BWO KUDAHOTERWA KU MUBIRI NO MU VYIYUMVIRO


Amabi ahungabanya uburenganzira bwo kudahoterwa ku mubiri no mu vyiyumviro yatohojwe mu kiringo c'iki gice ca gatatu 2026 harimwo cane cane **amabi yo guhohoterwa ku mubiri afitaniye isano n'ayandi mabi yaharuwe**. Umuhari ITEKA watohoje incuro **6 z'uguhohoterwa biraba abantu 6 bakorewe amabi**. Abo **6 bakorewe amabi bose ni igitsina gabo**. Ayo mabi yatororokanijwe mu ntara ya **Buhumuza, Bujumbura na Gitega**. Bujumbura yonyene irimwo amabi 4 kuri 6, ni ukuvuga ibice **66,7 %**, mu gihe Buhumuza na Gitega harimwo umuntu umwe umwe yakorewe amabi.

### Ikigara ca 6: Abantu baborejwe igufa ku ntara ku ntara

| Intara             | Incuro z'ihohoterwa | Igitigiri c'abakorewe amabi | Abagabo | Abagore |
|--------------------|---------------------|-----------------------------|---------|---------|
| Buhumuza           | 1                   | 1                           | 1       | 0       |
| Bujumbura          | 4                   | 4                           | 4       | 0       |
| Burunga            | 0                   | 0                           | 0       | 0       |
| Butanyerera        | 0                   | 0                           | 0       | 0       |
| Gitega             | 1                   | 1                           | 1       | 0       |
| Igitigiri ca vyose | 6                   | 6                           | 6       | 0       |

Ubwinshi bw'amabi ari Bujumbura bukwiye gukurikiranirwa hafi. Ategerezwa ariko gusigurwa harimwo ukwigengesera, kuko ibitigiri vy'amabi yatohojwe adashobora yonyene, gupima urugero nyarwo rw'ibintu mu ntara imwe imwe. Yerekana imbere y'ayandi mabi yashoboye gutohozwa n'uburyo nyabwo bwo kugenzura muri iki kiringo.

### Igicapo 8: Abantu baborejwe igufa intara ku ntara



Ibiharuro bijanye no guhohoterwa ategerezwa kuja hamwe n'ayandi mabi yatohojwe. Bujumbura irimwo gutyo imice myinshi y'amabi ajanye n'ukwidegemvya hamwe n'umutekano w'abantu, nko guhagarikwa n'ukunyuruzwa. Ubwo

### V.1.2. UBURENGANZIRA BWO KUDAHOTERWA KU MUBIRI NO MU VYIYUMVIRO(Ibikurikira urupapuro 18)

bwinshi busigura ugukwirikirana bidasanze vyuburyo abantu bagarikwamwo,bapfungigwamwo kandi bafatwa n'abakozi canke ibiro biraba. Inyishu zo z'inzeho zimaze kuboneka kandi ni ikintu gikomeye. Ku mabi atandatu yo kuborezwa iguzwa yatohojwe,**abiri niyo yagize ico akorwako**,nk'amatohozo hamwe no kwitura ubutungane,mugihe atakintu na kimwe cakoze ku mabi ane.Gutyo,ibice, **66,7 % y'amabi yo guhohotera yahuwe ntakintu na kimwe cakoze mu biharuro bihari mu gihe** co kwegeranya amakuru. Iyo vyerekana akamaro ko gukurikirana ibirego n'amatohoza ajanye n'uguhoterwa,cane igihe abakorewe amabi bashobora kuvuga uburyo,,aho bapfungiwe canke abantu bari inyuma y'ayo mabi.

⇒ Uburorero bwerekana ukuborezwa igufa n'ayandi mabi

**Ak1: Ikubagurwa rya Ndabihimana Audace mu Kabezi :kuwa 28 Mukakaaro 2026.**

Ndabihimana Audace yarakubagurwe n'akagwi k'Imbonerakure karongowe,kubwo amakuru yatororokanijwe,na **HABONIMANA Vianney** batazira « **Launcher** ». Yoba yabajijwe ku kwiunguruzwa kwiwe,hanyuma akubitwa inyuma yo kuvuga ko avuye muri Afirika y'epfo kandi yagirizwa kuba ari umunyumwanyi wa CNL. Yinjiye ibitaro kandi yoba yaciye aguma ari ntamagara.

**Ak2: Amabi yakorewe Mertus Mpayimana ku kirindiroo c'igiporisi i Rugajo : kuwa 28 Myandagaro 2026.**

Mertus Mpayimana, agendesha ipikipiki,yarahagaritswe i Rugajo, muri komine Mugina.Inyuma y'amatati ajanye n'amahera umuporisi yamusavye, yarakubiswe cane ku kirindiro c'igiporisi n'indongozi Yves, ivyatumye avunika itako.Abamuvunaguye ntibari bwakurikiranwe igihe twahohoza iyi nkuru.

**Ak3: Nahimana Claude yatowe yakomeretse cane iGitega : kuwa 3 Nyakanga 2026.**

Nahimana Claude, w'imyaka 35,yabuzwe irengero kuwa kuwa 01 Nyakanga,yatowe yakomeretse cane ku Mubuga,muri komine Muhororo. Yaraboshe kandi afise ibikomere vyinshi. Abantu babiri barahagaritswe mu ntumbero y'amatohoza.

### V.1.3. UBURENGANZIRA BWO KWIDEGEMVYA HAMWE N'UMUTEKANO W'ABANTU

Muri iki gice ca gatatu 2026,umuhari Iteka waratohojwe **incuro 10 z'uguhagarikwa harimwo abantu 21 bahagaritswe hamwe n'incuro 6 z'ukunyuruzwa harimwo abantu 7 bahagaritswe**. Iyo migwi ibiri yerekana muri rusangi amabi 16 n'abantu 28 bakorewe amabi.

#### V.1.3.1. AMABI YO GUHAGARIKWA


Uguhagarikwa kwerekana ahantu hari amabi menshi. **Bujumbura hariyo incuro 6 kuri 10 z'atohojwe kandi harimwo abaokorewe amabi 17 muri 21,ni ukuvuga ibice 60 % vy'amabi hamwe n'ibice 81 % vy'abakorewe amabi**. Ayandi mabi yahuwe i Buhumuza, Burunga na Butanyerera. Nta n'umwe yahagitswe mu ntara ya Gitega muri iki kiringo.

**Ikigara ca 7: Incuro zo guhagarika hamwe n'igitigiri c'abahagaritswe ku ntara ku ntara**

| Intara             | Incuro zo guhagarikwa | Ibitigiri vy'abahagaritswe | Abagabo | Abagore |
|--------------------|-----------------------|----------------------------|---------|---------|
| Buhumuza           | 1                     | 1                          | 1       | 0       |
| Bujumbura          | 6                     | 17                         | 17      | 0       |
| Burunga            | 1                     | 1                          | 1       | 0       |
| Butanyerera        | 2                     | 2                          | 2       | 0       |
| Gitega             | 0                     | 0                          | 0       | 0       |
| Igitigiri ca vyose | 10                    | 21                         | 21      | 0       |

Abantu 21 z'abahagaritswe baharuwe bose ni igitsina gabo. Iyo bitandukanya uguhagarikwa n'ababi afatiye ku gitsina, ariko ategerezwa kwihweza gusa ku yandi mabi muri iki gice.

Igicapo 9: Abantu bishwe ku ntara ku ntara



Inyishu yo mu nzego isa nk’uko ari nto mu biharuro bihari. Ku ncuro 10 z’abahagaritswe,incuro 3 z’amabi yagize ico akorwako,mugihe incuro 7 atakintu na kimwe cakoze. Urugero rwo kutagira igikozwe rungana ibice 70 %.

⇒ Uburorero vy’uguhagarikwa buvyerekana

**Ak1: Ihagarikwa rya Emmanuel Bizimana mu Kirundo : Mukakaro 2026**

Emmanuel Bizimana, w’imyaka 26 ,avuka mu Rwanda, yahagaritswe inyuma yo kujabuka uruzi Kanyaru kugira aje kurondera ivyatsi. Yari yahamagawe n’indongozi z’imbonerakure zaho,mu nyuma bamusavye amahera angana 100 000 y’amafaranga y’Urwanda. Yagirijwe kujabuka urubibe bitarekuwe n’amategako n’ukuba maneko.

**Ak2:Uguhagarika indongozi zo mu ntwaro inyuma y’inama y’ishengero i Bubanza :kuwa 13 Myandagaro 2026**

Indongozi zibiri zo mu ntwaro yaho zarahagaritswe inyuma y’inama y’ishengero yahuza hafi abatumire 180 bo hanze bava nko mu Rwanda, muri Tanzaniya, muri Kenya no muri Ouganda. Intambuko zakozwe n’ubutabazi bwa SNR mugihe indongozi zemeza ko ishengero rizwi n’amategako kandi ko inama yari irekuwe.

**Ak3: Ihagarikwa rya Ephrem Ciza i Gisagara : kuwa18 Myandagaro 2026**

Ephrem Ciza yaharitswe inyuma y’isanganya ry’ikingaryarimwo umukuru wa zone Jean Bizimana. Yagirijwe cane cane guteza isanganya abishaka kandi no kuba mu mugwi w’abarwanyirya FNL.Amakuru yatororokanijwe amenyesha kandi ko ubwambere yari yanse abamusaba kuja mu mugambwe CNDD-FDD.

Izoncuro 3 zerekana ibintu bikorerwa ku mbibe hamwe n’ivyagiriji vy’umutekano,amategeko ashoboka mu gutanga umwidegemvyo w’amashengero hamwe no guhakwa gukoresha uguhagarikwa mu ntumbero zo kwihora canke kutumvikana mu vya poritike.


### V.1.3.2.UKUNYURUZA

Ibintu vyo kunyuruzwa birateye umutima uhagaze cane. **Ku neuro6 zatohojwe,5 ntakintu na kimwe zakozweko, ni ukuvuga ibice 83,3 %.** Bujumbura irimwo incuro 5 kuri 6 z'amabi yakozwe hamwe n'abantu 6 kuri 7 bakorewe amabi. Abahagaritswe bose baharuwe bose kandi ni ab'igitsina gabo.

***Ikigara ca 8: Incuro zo kunyuruzwa n'ibitigiri ku ntara***

| Intara                | Incuro zo kunyuruzwa | Igitigiri c'abakorewe amabi | Abagabo | Abagore |
|-----------------------|----------------------|-----------------------------|---------|---------|
| Buhumuza              | 0                    | 0                           | 0       | 0       |
| Bujumbura             | 5                    | 6                           | 6       | 0       |
| Burunga               | 0                    | 0                           | 0       | 0       |
| Butanyerera           | 1                    | 1                           | 1       | 0       |
| Gitega                | 0                    | 0                           | 0       | 0       |
| Ibitigiri vyose hamwe | 6                    | 7                           | 7       | 0       |

***Igicapo10 : Abantu banyurujwe ku ntara ku ntara***



⇒ **Uburorero bwerekana abanyurujwe**

**Ak1: Inyuruzwa rya Déogratias Ndayisaba i Bujumbura: kuwa 4 Mukakaro 2026.**

Déogratias Ndayisaba, w'imyaka 37,yarafashwe kw'ibarabara rya a Gasenyi,muri komine Ntahangwa, n'abantu bambaye umwambaro w'igiporisi w'igiporisi. Yategetswe kwurira mu ngendeshwa yo mu bwoko bwa Toyota ifise ivyumba bibiri y'ibiyo bitabona,yamujanye ahantu hatazwi.

**Ak2: Inyuruzwa rya kabiri rya Joël mu Kayanza : kuwa10 Mukakaro2026.**

Joël,umudandaza w'imyaka 40 kandi ava i Mugina, yaranyurujwe kw'isoko ry'i Musave, mu Kayanza. Hari hacye indwi nkeya anyurujwe n'abakozi b'iperereza i Ngozi,imbere yuko arekurwa. Inyuma yo kunyuruzwa irya kabiri, abamwegereye,baramurondeye irengero ryiwe mu busho bwinshi ariko ntibashoboye kumutora.

**Ak3: Inyuruzwa rya Niyungeko Jean Berchimas i Mugere : kuwa 01 Nyakanga 2026.**

Umunywanyi wa CNL, Niyungeko Jean Berchmans yaranyurujwe aho akorera mu Kibembe,muri zone Ruziba. Inyuma yokwitaba iterefone,abagabo babiri baje muhira iwe,baramukubita gushika aho ata ubwenge,hanyuma bamushira mu ngendeshwa ifise ibiyo bitabona imbere yo kumujana.Ntawurasubira kumubona.

**Ayo mabi uko ari atatu** afasha kwerekana intumbero 3 zitandukanye z'uko kunyuruzwa: Ibirego vy'abakozi bambaye umwambaro w'aka-zi,igarukagaruka ryo guhagarikwa,intumbero ya poritike.

### V.1.3.2. UKUNYURUZZWA (Ibikurikira urupapuro 21)

Ubwinshi bw'abahagarikwa n'ababurwa irengero i Bujumbura, bifatanye n'ibitigiri vyinshi vy'amabi yaharuwe ataco yakozweko, bigize umuce ukwiye gukurikiranwa kuburyo budasanzwe. Bisigura cane cane gukurikirana neza irengero ry'abahagaritswe canke banyurujwe, gushikira ubutungane hamwe naho amatohoza ageze mugihe yatanguye.

### V.1.4. AMABI AFATIYE KU GITSINA

Mu gice ca gatatu ca 2026, umuhari ITEKA watohoje incuro **29 z'amabi afatiye ku gitsina (VBG), yakorewe abantu 29.** Amabi afatiye ku gitsina agize umuce wa kabiri w'amabi menshi mu biharuri vy'iki gice, inyuma y' ubwicanyi, ku bice **24,6 % ku mabi yatohojwe muri rusangi.** Ibiharuro bihari vyerekana ko **abakorewe amabi , 26 ni igitsina gore n'abagabo 3,** ni ukuvuga ibice bikurikirana nk'uko **89,7 % na 10,3 %.** Ivyo bitigiri vyinshi vy'abakenyezi mu bakorewe amabi vyemeza uguhahazwa cane kwabo ku mabi yatohojwe muri uyo muce

Muri 29 bakorewe amabi, **15 bafashwe ku nguvu,** mugihe 14 ari ubundi bwoko bw'amabi afatiye ku gitsina yatohojwe n'ubuhinga bwo gukurikirana. Ugushurashuzwa bigize gutyo igice kinini mu mabi afatiye ku gitsina yatohojwe muri iki gice.

#### *Ikigara9: Ukugabanganya abakorewe amabi afatiye ku gitsina ku ntara ku ntara*

| Intara                | Incuro z'amabi afatiye ku gitsina | Ibitigiri vy'abakorewe amabi |               | Abagabo | Abagore |
|-----------------------|-----------------------------------|------------------------------|---------------|---------|---------|
|                       |                                   | Amabi afatiye ku gitsina     | Gushurashuzwa |         |         |
| Buhumuza              | 1                                 | 1                            | 0             | 0       | 1       |
| Bujumbura             | 7                                 | 3                            | 4             | 1       | 6       |
| Burunga               | 11                                | 4                            | 7             | 0       | 11      |
| Butanyerera           | 2                                 | 1                            | 1             | 1       | 1       |
| Gitega                | 8                                 | 5                            | 3             | 1       | 7       |
| Ibitigiri vyose hamwe | 29                                | 14                           | 15            | 3       | 26      |

⇒ Uburorero bwerekana amabi afatiye ku gitsina

**Ak1: Urupfu rwa Léocadie yishwe n'umugabo wiwe mu Gisuru :kuwa 30 Ruhenshi 2026.**

Léocadie yiciye muhira iwe i Gacokwe, muri komine Gisuru, n'umugabo wiwe Sirabahenda, yamutemaguje umupanga incuro nyinshi. Urwo rugo rwari rufise abana batatu. Ingarane zo mu rugo hamwe n'ivyagiririje biraba se w'abana vyaravuzwe mu bintu vyoba biri inyuma y'urwo rupfu.

**Ak2: Umugore yaborejwe igufa n'umugabo wiwe i umugore wiwe i Bubanza: Kuwa 4 Mukakaro 2026.**

Umugore yakomerekejwe cane mu izosi n'umugabo wiwe Eduard, w'umuhuza ku mutumba. Yaciye yinjizwa ibitaro aremye hanyuma umugabo wiwe nawe arapfungwa. Abanyagihugu basabako ubutungane bwokora igikorwa cabwo kandi ko uwakoze ayo mahano yokurwa mu mabanga yiwe yo kuba umuhuza.

**Ak3: Umwigeme akiri muto w'imyaka 11 bivugwako yashurashujwe na se amuvyara: kuwa 25 Nyakanga 2026.**


Umunyeshuri wo mu mwaka wa 5 kw'ishuri nshingiro ya Busoro, afise imyaka 11, yaramenyeshye ko yafashwe ku nguvu na se wiwe amuvyara muhira iwabo. Nyina wiwe yaciye atabaza indongozi hanyuma se w'umwana arahagarikwa. Uwashurashujwe yararonkejwe ubufasha bwose bujane n'ugushurashuzwa.

#### V.1.4. AMABI AFATIYE KU GITSINA ( Ibikurikira urupapuro 22)

⇒ Ukugabanganya amabi afatiye ku gitsina bivanye naho yabereye

Incuro z'amabi afatiye ku gitsina ari cane cane mu ntara zitatu. **Burunga iza kw'isonga ku ncuro 11,ni ukuvuga ibice 37,9 % ku bitigiri vyose mu gihugu,hakurikira Gitega ku bantua 8 (27,6 %) na Bujumbura ku bantu 7 (24,1 %).** Izo ntara zitatu zonyene zifise abakorewe amabi **26 kuri 29 c**,ni ukuvuga ibice **89,7 %** ku mabi afatiye ku gitsina yatohojwe muri rusangi. Butanyerera ifise abantu 2 na Buhumuza umuntu 1.

*Igicapu ca 11: Abantu bakorewe amabi afatiye ku gitsina intara ku ntara*



Ibintu vy'i Burunga bikwiye gukurikiranirwa hafi. Incuro 11 z'amabi afatiye ku gitsina zingana n'ibice **45,8 % y'amabi 24** yatohojwe muri iyo ntara muri iki gice. Amabi afatiye ku gitsina agize ikintu gikomeye kiri hejuru y'amabi yaharuwe,ibitandukanye n'i Gitegaaho abishwe aribo benshi cane ku yandi mabi yatohojwe.

Ubwo bwinshi bw'amabi mu ntara ntibifasha,vyonyene,gufata ingingo ko amabi afatiye ku gitsina yibonekeza cane muri izo ntara gusumba ahandi,kubera ibiharuro vyerekana amabi yatohojwe neza hakoreshejwe ubuhinga yo gukurikirana. Ahubwo ni ikimenyetso gisaba ugukomeza ugukurikirana,nko mu vyerekeye ugukinga,ubufasha no gushobora kwitura ubutungane.

⇒ Inyishu z'inzego

Ku ncuro 29 z'amabi afatiye ku gitsina yatohojwe, abantu **17 hariho icakozwe,ku ncuro 12 aho atakintu nakimwe cakozwe**.Urugezo rw'ivyakozwe,gutyo ni ibice **58,6 %**, mu gihe amabi atakintu na kimwe cakozweko ari ibice **41,4 %** vy'amabi. Mu vyakozwe twatororokanije harimwo amatohoza y'ubutungane yaratanguye 13,amatohoza 3 hamwe n'ingingo zo guhana. Ugutangura amatohoza ni intambwe ya mbere y'inyishu z'inzego,ariko ntifasha guca urubanza imbere y'igihe ndetse no gushobora gucira urubanza abakoze amabi.

Incuro12 z'amabi atacakozweko iracateye umutima uhagaze uravye ubwoko bw'amabi yakozwe. Ugukurikirana ibirego,ukuronka ubuvuzi bw'abakorewe amabi,inyifato mu kibano n'ubutungane ndetse no gukingira abakoze amabi ni ibintu bikomeye vyo gukurikirana hafi. Muri rusangi,ibiharuro vy'igice ca Gatatu,bishira ahabona ibintu bitatu nyamukuru: **ibitigiri vyinshi vy'abagore mu bakorewe amabi, uburemere bukomeye bwo gushurashuzwa hamwe n'ubwinshi bw'amabi mu ntara ya Burunga, Gitega na Bujumbura.** Ivyo biharuro bitegerezwa gukurikiranirwa mu gice gikurikira mu ntumbero yo kuvuga ingene biguma vyisubirizacanke bikaba ku gihe.

## V.2. UBURENGANZIRA KU BUTUNZI,IMIBANO N'IMICO KAMA

Uburenganzira ku butunzi,imibano n'imico kama ni igice gikomeye mu vyerekeye agateka ka zina muntu. Muri ikigice ca gatatu ca 2026, amatohoza y'umuhari ITEKA yarashize ahabona k'amakenga **ajanye no kuronswa indero hamwe n'uburyo bwo gufasha ubuzi bumwe bumwe bwo mu gisata c'indero**.Ingorane zashizwe ahabona zerekana ingorane z'ubutunzi abanyagihugu bafise zishobora kugira ingaruka mbi zo gushikira neza ivyankenerwa mu kibano.Umwihwezo washirijwe aha muni ujanye n'ibintu vyatohojwe muri iki kiringo cafatiweko.

### V.2.1. UBURENGANZIRA KU NDERO

Uburenganzira ku ndero biracarangwa **n'ingorane zijanye no kubura ibikoresho mu kwiga hamwe n'intererano z'imiryango**.Mu burere bumwe bumwe,amatohoza yashize ahabona intererano z'amahera zisabwa abavyeyi b'abana kugira baterere mu mu bisabwa kugira ishure ikore neza canke mugusahiriza abakorerabushake. Imigenzo nkiyo irateye amakenga ku vyerekeye ukufatwa kumwe mu gushobora kwiga,cane cane ku miryango ifise abikoro make. Ibiharuro bihari vyerekana kandi ko ingorane zitaraba gusa ugushikira inyigisho,ariko kandi **ku buryo inyigisho zitangwamwo**.Ukubura inyigisho,ibikoresho canke uburyo bukwiye bishobora gukora ku kanovera k'inyigisho hamwe n'uburyo abigisha bakoramwo hamwe n'abanyeshure. Ivyo bitegerezwa gusuzumwa hakurikijwe intumbero yo gushikira inyigisho mu buryo bubereye kandi buringaniye kuri bose. Mu gihe,imitwara baremeka imiryango ibaye myinshi canke ikarwira,irashobora kuba intambamyi yiyongera ku miryango izanzwe atako yifashe. Umwihwezo w'izo ngorane utegerezwa ariko kugarukira kuvyatohojwe neza muri iki gice kandi ntibishora gufatirwa muri rusangi mu vyerekeye inyigisho mu gihugu.

#### *Ikigara ca 10: Impfunyapfunyo z'amakenga yo mu gisata c'indero*

| Amakenga yatohojwe                                                  | Uburere                                                | Ivyabonetse                                 |
|---------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------|---------------------------------------------|
| Intererano zijanye no gufata mu mugongo abigisha b'abakorerabushake | Muyinga / Butanyerera                                  | Intererano zisabwa abavyeyi                 |
| Ingorane zijanye n'ikenya ry'ibikoresho mu mashure                  | Uburere butandukanye bafata watahojweko mu gihugu cose | Uburyo bwo kwiga hamwe n'ikoresho           |
| Imitwara bikoreza imiryango                                         | Uburere butandukanye bwatohojwe mu gihugu cose         | Intererano canke uburyo bujanye n'inyigisho |

### V.2.2. UBURENGANZIRA KU MAGARA

Muri iki gice ca gatatu 2026,ibintu vyinshi birerekanako gushika kwivuzi no kuronka ubuvuzi n'imiti biguma ari ikibazo gihambaye mu Burundi,cane cane ku banyagihugu b'amikoro make. Ikibazo co kuronka imiti catumye haboneka ubufasha muri iki kiringo. Muri Mukakaro no muri Myandagaro 2026,ibikorwa vyo kuzana imiti no kuyikurikirana vyarakoze ku bitaro vy'akarere i Giharo no kw'ivuriro ngendanwa ry'i Makombe, mu ntara ya Burunga. Ubwo bufasha bwari bufise intumbero cane cane yo kwongereza imiti no guteza imbere akanovera k'ubuvuzi bugenewe abanyagihugu b'amikoro make.

Ivyerekeye ivuriro ngendanwa ry'i Makombe vyerekana kandi akamaro kubbinga bwo gufasha kugira hagabanuke ingorane z'uburyo zijanye n'ubuvuzi. Muri Nyakanga 2026, iyindi miti nkenerwa yarazanywe ahonyene kugira hagumizweho ubuvuzi bwo ku buntu bugenewe cane cane impunzi z'abanyekongo n'abantu b'amikoro make bo mu miryango yabakiriye.Abaarwayi bakenera ubuvuzi buhanitse bashobora kubungururiza ku bitaro vyo mu Rumonge.

Ku vyerekaye poritike y'igihugu,aya mezi atatu yanzwe n'ingingo zifise intumbero zo guteza imbere ugushikira ubuvuzi ku mice imwe imwe y'abanyagihugu. Kuwa **16 Nyakanga 2026**,itegeko nshikiranganji bijanye ryashinze uburyo bwo kugiriranira amasezerano n'ibitaro n'inzu z'ubudandarizo bw'imiti mu ntumbero yo gufasha mu vy'imiti

### **V.2.2.UBURENGANZIRA KU MAGARA(Ibikurikira ku rupapuro24)**

imigwi y'abantu b'amikiroro make. Iki kiringo ku rundi ruhande caranzwe n'utwigoro mu vyerekeye **amagara y'umuvyeyi n'irondoka**. Muri Myandagarao 2026,isekeza ry'igihugu ryo gupima noo kuvura indwara yo mu kigo ryamaenyeshewe mu kiringo co kuva kuwa 24 Myandagarao gushika kuwa 4 Nyakanga,harimwo no guhimiriza gufasha aabagore barwye iyo ndwara.

Ubwo bwigoro butandukanye bwerekana inguvu zifise intumbero yo guteza imbere ugushikira ubuvuzi. Bushira ariko kandi imbere akamaro kamaho k'ubuhinga bwo gufasha,bwo gutang imiti no gufasha abanyagihugu ba ntahonikora. Ikintu c'uko ubufasha budasanzwe buri nkenyerwa kugira imiti igumeho canke kugabanya ibiciro vyo kwivuza ni ikintu co gufatirako mu gushima gushikira ubuvuzi bubereye. Ariko ntawoshoka yemeza muri rusangi ku vyerekeye amagara y'abantu afatiye kuri ivyo bintu vyiza bitandukanye vyakozwe. Amakuru ahari ntafasha, yonyene,gupima ibitigiri vy'abaronswa ubw buvuzi mu ntara zose ndetse no kuvuga iterambere mu gisata c'amagara y'abantumuri kino gice.

### **V.2.3.UBURENGANZIRA KU MAZI,ISUKU N'UBURYO BWO KUBAHO**

Kuronka amazi ni ikintu nyamukuru ku burenganzira ku buzima bubayebaye,ku buvuzi no ku gatega k'umuntu. Muri iki gice ca gatatu 2026,amatohoza ahari ahira ahabona **ingorane zo kuronka amazi buri muni mu burere bumwe**, nko mu Rumonge no mu Ruyigi. Mu **Rumongeitangwa ry'amazi riba nabi nabi.Amakuru yatohojwe amenyesha amazi abura hafi isaha 1 gushika ku masaha 2 ku muni**,mu gihe hari n' irangorane zo kubura igitara gikenewe kugira gishobore gutangwa. Ivyo bikora ku miryango mu vyankere vya minsi yose kandi bishobora kubuza kugumizaho uburyo bubereye bw'isuku. .

Mu **Ruyigi**, abanyagihugu barahuye kandi n'ingorane zijane n'ukubura amazi. Ivyo bitera amakenga menshi mu gihe kuronka amazi buri muni ari nyamukuru ku vyankere vyo muhira,kw'isuku no gukinga ukubura isuku. Ivyo bintu bibiri vyerekana ko ingorane zo kuronka amazi Ivyo bintu bibiri vyerekana ko ingorane zo kuronka amazi zitagarukira mu karere kamwe gusa.Biguma ariko ari **ibintu vyatohojwe kandi uravye aho vyabereye**,ntibifasha vyonyene gupima uburemere bw'ikibazo ku rwego rw'igihugu.

Umwihwezo ushira imbere akamaro ko gukurikirana ukubandanya gutanga ubufasha nyamukuru no gukinga ukubura amazi umwanya munini. Ashimikira kandi ko hakenewe gukurikirana nezaku bintu vy'ubuhinga,uburyo bushobora gukora kwitangwa ry'amazi.

#### **Umwihwezo**

Ingorane zibonekeje mu Rumonge no mu Ruyigi zerekana ingaruka mbi z'ivyakozwe n'abakozi ba Reta zishobora kugira ku kuronka ibikorwa nyamukuru. Bishobora kugira ingaruka mbi ku buzima,kw'isuku n'amagara y' abanyagihugu biraba.Ariko,turetse ibitigiri bifasha gupima umwanya,uburebure n'incuro zo kubura muri rusangi mu burere biraba,ivyo bintu bitegerezwa gufatwa nk'**incuro zatohojwe muri kino gice**,kandi atari nk'ingingo yo kuronka amazi mu gihugu muri rusangi

### **V.3. UBURENGANZIRA BWIMIGWI**

Umwihwezo w'amabi yatohojwe muri kino kiringo c'amezi atatu 2026 ashira kandi imbere amabi akora ku buryo budasanzwe imigwi imwe imwe y'abantu kumvo y'imyaka yabo, ku gitsina cabo canke ku bintu vy'uguhuha kwabo. Ivyo bihamagarira gukurikiranwa bidasanzwe, kubera ingaruka z'amabi ashobora kuba akomeye ku bantu bafise amikoro make yo kwikingira, kuronka ubufasha nyamukuru canke guha agaciro uburenganzira bwabo. Amakuru ahari muri iki kiringo yerekana cane cane ubwinshi bw'abakenyezi mubakorewe amabi afatiye ku gitsina, mugihe abagabo bagize ibice binini vy'abahagaritswe muri rusangi, banyurujwe hamwe n'ababorejwe igufa batohojwe. Ivyerekaye abanyororo biteye umutima uhagaze cane, uravye ibitigiri biri hejuru kandi bibandanya vy'ubwinshi bw'abapfungwa..

Umwihwezo w'ayo makuru utegerezwa ariko gufatira aho amatohoza ahari agarukira. Imigwi y'abakorewe amabi ntibama bafise amakuru ku buryo busesanguye neza kugira bifashe umwihwezo ubereye ku mice yose y'impahazwa zose. Ivyabonetse biri munsu bijanye gusa ku bintu vyatohojwe neza muri iki kiringo.

#### **V.3.1. UBURENGANZIRA BW'ABAKENYEZI**

Abakenyezi baboneka nk'umugwi uboneka cane mu biharuro bijanye n'amabi afatiye ku gitsina. Ku bantu **29 bakorewe amabi afatiye ku gitsina yatohojwe muri ikigice, 26 ni abakenyezi, ni ukuvuga ibice 89,7 %, ku bagabo 3, ni ukuvuga ibice 10,3 %**. Ivyo bitigiri vyemeza ko amabi afatiye ku gitsina abandanya akora cane cane ku bakenyezi mu mabi yatohojwe. Amabi yatohojwe harimwo cane cane amabi **15 yo gushurashuzwa, aho hiyongerako ayandi mabi 14 y'amabi afatiye ku gitsina**.

Uravye amabi yakozwe ku butaka bwose vyerekana ko amabi afatiye ku gitsina atari menshi mu ntara imwe. **Burunga irimwo amabi angana 11, igakurikirwa na Gitega ku bantu 8 bakorewe amabi na Bujumbura ku mabi 7**. Izo ntara 3 zirimo gutyo amabi **26 ku mabi 29 twatohojwe**. Ivyo bisaba gukurikiranwa cane mu vyerekeye ugukingira, kuronswa ubuvuzi, inyifato mu kibano ndetse no mu butungane, ndetse no gukingira abakorewe amabi canke ivyabona. Bishimikira kandi ku kamaro ko gutohoza ivyakurikiye ibirego, mu ntumbero yo kumenya ku mvo nki abakorewe amabi baronswa vy'ukuri uburenganzira ku butungane.



**Uwo uri wese ubahirizwa**

### V.3.2. UBURENGANZIRA BW'ABANA

Ugukingira abana na vyo nyene ni ikintu gihambaye mu gusuzuma uburenganzira bw'imigwi. Amakuru ahari yashize ahabona « **amabi 7 yashizwe muri uyo mugwi w'ubwicanyi bw' abana** » mu gukwiragiza abakoze amabi canke imvo imvo zijanye n'amabi yatohojwe.

Yerekana ko hari ibintu bikomeye cane bisaba gutohoza yihariye hamwe n'umuti uhuye n' ubushobozi buke bwo kwirwanira kw'abana.

Amakuru yatohojwe muri iki gice ca gatatu 2026 ashira imbere kandi amakenga ku kuntu abana bariko bafatwa ku nguvu ku rugero ruteye ubwoba. **Abana 13 bafashwe ku nguvu** bamenyekanye mu mabi yatohojwe n'umuhari ITEKA. Vyamenyekanye mu mabi 15 mu kiringo, ivyo bitigiri bingana ibice **86,7 %** vy'abakorewe amabi.


Urwo rugero rungana n'urwabonetse mu kigo Seruka, cafashije abakorewe amabi 387 b'abana bakiri bato ku bakorewe amabi 486 y'abafashwe ku nguvu bo muri Nzerogushika nuri Ruhuhuma 2026, ni 79,6 %.<sup>1</sup> Ukwo guhura kw'iharuro vyatohojwe hagati y'umuhari ITEKA n'ibindi vyavuye mubo ikigo Seruka cafashije mu kwemeza ibitigiri vyinshi vy'abana bafatwa ku nguvu. Yibutsa gukomeza ubuhinga vyo gukinga, gutanga ubufasha mu vyerekeye inyifato mu kibano no kwa muganga ndetse n'ukuronsa ubutungane ku bana bakorewe amabi.

### V.3.3. UBURENGANZIRA BW'ABAPFUNGWA

Ivy'abapfunzwe biri muri kimwe mu biteye umutima uhagaze cane vyibonekeje muri iki gice. Ubushobozi bwo kwakira abapfungwa buracangana **ibibanza 4 294**, mugihe abanyagihugu bapfunzwe bavuye ku bapfungwa **12 267 muri Mukakaro gushika kuri 12 453 muri Myandagaro, mu nyuma 12 521 muri Nyakanga 2026**. Ukwo kwongerekana bingana abapfungwa **254, ni ukuvuga ibice hafi 2,1 %** hagati ya Mukakaro no Nyakanga. Muri Nyakanga, amabohero yakira gutyo incuro zirenze **2,9 z'ubushobozi zabwo, ku rugero rwose hamwe rungana 292 %**.

Ibiharuro vy'umurengera burateye umutima uhagaze mu busho butandukanye. Muri Nyakanga, urugezo rw'abapfunzwe rungana nk'ibice **771 % i Muramvya, 528 % ku Mpimba, 472 % i Ngozi-mu bagabo n'ibice 363 % i Gitega**. Urwo rugezo rwerekana ibintu vy'inze bishobora gukora ku buryo bwo gupfungwa, nko kuja ahabona, isuku, amazi, kuronka ubuvuzi hamwe n'ubuzima buhuye n'agateka ka zina muntu.

*Igicapo 12: Uko ibintu bimeze muri rusangi ku bwinshi bw'abapfungwa*



<sup>1</sup> <https://abpinfo.bi/2026/09/21/vbg-au-burundi-des-blessures-qui-depassent-les-sequelles-physiques/>

### V.3.3. UBURENGANZIRA BW'ABAPFUNZWE (Ibikurikira urupapuro 27)

Abagize abanyagihugu bapfunzwe ni ikindi kintu gikomeye. Ibitigiri vy'abantu bapfunzwe ivyo agateganyo bavuye ku **5 782 muri Mukakaro biza ku banyororo 6 259 muri Nyakanga**, ni ukuvuga ko hiyongeyeko abapfungwa **477**. Muri uyo mwanya nyene, ibitigiri vyabaciriwe urubanza vyavuye ku **6 388 biza ku 6 189**. Muri Nyakanga, abantu bari bapfunzwe ivyo gateganyobari basumba bukebuke abaciriwe imanza.

Ibitigiri umutima uhagaze muri Nyakanga ni ibi:

- ♦ **MURAMVYA : 771 %**, naho hagabanutse ibice birenga 8,2 % kuva muri Mukakaro ;
- ♦ **MPIMBA : 528 %**, hiyongeyeko ibice 5 % ;
- ♦ **NGOZI H : 472 %**, hiyongeye ibice 3,3 % ;
- ♦ **GITEGA : 363 %**, hiyongeyeko ibice 6,5 % ;
- ♦ **RUYIGI : 204 %**, naho hagabanutse ibice 10,5 % ;
- ♦ **BUBANZA : 212 %**, hiyongeyeko ibice 3,9 %.

Ibitigiri vyo muri **CMCL RUMONGE** bikwiye gukurikiranwa cane. Urugezo raho rwavuye ku bice **65 % muri Mukakaro gushika ku rugezo rw'ibice 119 % muri Nyakanga**, ni ukuvuga ko hiyongeyeko ibice **83,1 %**. Naho urugezo rwayo rwagumye ruri inyuma y'urundi rw'amabohero menshi, iterambere ryabwo rirakomeye cane dufatiye kuri iki kiringo.

Ku rundi ruhande, amabohero abiri yaratezuriwe hagati ya Mukakaro na Nyakanga:

- ♦ **RUYIGI**, aho urugero rwavuye ku bice 228 % gushika ku bice 204 %, ni ukuvuga **-10,5 %** ;
- ♦ **MURAMVYA**, vyavuye ku bice 840 % gushika ku bice 771 %, ni ukuvuga **-8,2 %**.
- ♦ **MUYINGA**, urugero rusubira ku rugezo rwayo rwo muri Mukakaro (**193 %**) inyuma y'ukugabanuka bukebuke muri Myandagaro.

Ukwo gutera imbere bukwiye gukurikirira hafi indongozi z'ubutungane, nko mu vyerekeye umwanya, ugupfungwa vy'ateganyo, uguca imanza kandi no kwunguruzwa mu gihe itegeko ribirekura, ku zindi ngingo zosubirira gufungwa .

### V.4. UMWIHWEZO W'IMIGWI Y'ABAKOZE AMABI N'IVYO BAKOZE

Umwihwezo w'ibiharuro bijanye n'abakoze amabi bifasha gutahura neza ibintu nyamukuru bifatanye n'amabi yatohojwe muri iki gice ca gatatu 2026. Vyose hamwe, **imice 125 y'abakora amabi** yaraharuwe mu makuru yatororokanijwe igabuye mu hagati y'imigwi 9. Ico gitigiri gitegerezwa gutandukana n'amabi 118 yatohojwe, imigwi imwe imwe irashobora kuja hamwe mu mabi asa. Umugwi munini ni **uw'abantu batamenyekanye**, ku bitigiri **43%**, ni ukuvuga **34,4% kuri** vyose hamwe. Hakurikira amabi yashizwe **mu muce wo kwihorera**, ku bitigiri **24 (19,2 %)**, hanyuma **iyindi migwi ku mabi 19 (15,2 %)**. **Imbonerakure** ziboneka mu mabi 13 (**10,4 %**), abaporisi mu mabi 11 (**8,8 %**) n'abakozi b'iperereza mu mabi 6 (**4,8 %**). Imigwi y'ubwicanyi bw'abana, abakozi bo mu ntwaro n'abasirikare bisigura uku gukurikira 7 (5,6 %), 1 (0,8 %) , n'incuro 1 y'amabi (0,8 %).

#### V.4.1. URUGEZO RUNINI RW'ABAKOZE AMABI BATAMENYEKANYE

Irwirirana ry'abakoze amabi batamenyekanye ni kimwe muri vyinshi vyihwejwe muri iki gice. Ku **mabi 43 kuri 125,ni ukuvuga ibirenga icagatatu**, uyo mugwi usigura ingorane zibandanya zo kumenya abakoze amabi mu gice kinini c'amabi yatohojwe. Ivyo vyibonekeza cane cane i Gitega, ifise amabi 16 zakozwe n'abantu batamenyekanye na **Burunga**, ku mabi 12. Ni benshi kandi i. Bujumbura (6), Butanyerera (5) na Buhumuza (4). Hejuru y'ikibazo co kumenya abakoze amabi, ingorane nyamukuru iri mu buryo amatohoza akorwamwo kugira hamenyekane ingene ibintu vyagenze, kudomako urutoke abovuyagira kandi, no mugihe ivyagiriji biboneka, hotangurwa intambuko zibereye. Ukubura abakoze amabi ntibitegerezwa gusigura nk'uko ababakoze amabi bahari, ariko vyofatwa nk'uko ari ukubura amakuru akwiye mugihe co kuyatororokanya.


#### V.4.2. AMABI AKORWA N'INZEGO HAMWE N'ABAJEJWE UMUTEKANO

Amakuru ashira ahabona kandi imice ifatanye neza n'inzego za Reta canke abajejwe umutekano: **igiporisi, iperereza, abasirikare canke abo mu ntwaro, aho hiyongera ko Imbonerakure** nk'umuce wo muri poritike/igisirikare muvuyatohojwe. Iyo mice yerekana amabi **32 kuri 125, ni ukuvuga ibice 25,6 %**. Urwo rugerorutegerezwa ariko gusigurwa mu kwigengera, kuk imigwi y'abakoze amabiarashobora guhindagurika kandi ukuja mu bitigiri ntituma, rwonyene, kuba icemeza co kwagirwa ku muntu canke inzego. Abaporisi bakoze amabi 11, harimwo 7 yakozwe i Bujumbura. **Abakozi b'iperereza** baboneka mu mabi 6, harimwo 5 yakorewe i Bujumbura. **Imbonerakure** zari mu mabi 13, cane cane i Bujumbura (7) n'i Gitega (3). Ivyo biharuro bisigura ukwitwararika cane uburyo bwo kugenzura, gukurikirana ivyakozwe, amatohoza n'ivyakozwe n'umwe umwe mugihe umukozi canke uwo mu nzego yagiye n'ibintu bifadika.

#### V.4.1. URUGEZO RUNINI RW'ABAKOZE AMABI BATAMENYEKANYE

Irwirirana ry'abakoze amabi batamenyekanye ni kimwe muri vyinshi vyihwejwe muri iki gice. Ku **mabi 43 kuri 125,ni ukuvuga ibirenga icagatatu**, uyo mugwi usigura ingorane zibandanya zo kumenya abakoze amabi mu gice kinini c'amabi yatohojwe. Ivyo vyibonekeza cane cane i Gitega, ifise amabi 16 zakozwe n'abantu batamenyekanye na **Burunga**, ku mabi 12. Ni benshi kandi i. Bujumbura (6), Butanyerera (5) na Buhumuza (4). Hejuru y'ikibazo co kumenya abakoze amabi, ingorane nyamukuru iri mu buryo amatohoza akorwamwo kugira hamenyekane ingene ibintu vyagenze, kudomako urutoke abovuyagira kandi, no mugihe ivyagiriji biboneka, hotangurwa intambuko zibereye. Ukubura abakoze amabi ntibitegerezwa gusigura nk'uko ababakoze amabi bahari, ariko vyofatwa nk'uko ari ukubura amakuru akwiye mugihe co kuyatororokanya.

*Igicapo 13: Imigwi y'abakoze amabi intara ku ntara*



Ugushira amabi ku butaka yakoreweko vyerekana ko **Gitega na Bujumbura** hagwiriyeye ibitigiri vyinshi vy'abakoze amabi ku biharuro bikurikirana abakoze amabi **41 na 37**, vyose hamwe ni abakoze amabi **78 kuri 125 (62,4 %)**. Ubwo bwinshi bihuye n'ivyo twamaze kubona mu mwihwezo muri rusangi w'amabire,aho Gitega na Bujumbura bifise ibice **61 % vy'abakoze amabi yatohojwe**.

## V.5. UMWIHWEZO W'INYISHU Y'INZEGO KU MABI

Umwihwezo w'inyishu z'inzezo ni ikimenyetso gikomeye co gukingira uburenganzira bwa zina muntu. Ufasha kubona ko mubundi buryo amabi yaharuwe yatumye haba amatohoza,ku ngingo z'intwara canke z'ibihano,canke izindi nyishu z'indongozi zibifitiye ubushobozi. Muri iki gice ca gatatu 2026,ku mabi **118 yatohojwe**,inyishu y'inzezo zazaharuwe mu mabi,mugihe atagikorwa nakimwe cakoze mu mabi **49**. Igitigiri c'inyishu gishikira gutyo **58,5 %**, ku bice **41,5 % y'amabi atakintu nakimwe cakoze mu makuru yatohojwe**.Ayo makuru yanyuma ategerezwa ariko kwihwezwa n'ukwinengesera: Inyandiko «Ntakintu cakoze»bisigura ko atanyishu yatohojwe mu buryo mu gihe co gutorokanya amakuru.Ntifasha kwemera ko ata ntambwe n'imwe yakozwe neza n'indongozi.

### V.5.1. INYISHU Y'INZEGO CANE CANE Z'UBUTUNGANE CANE CANE Z'UBUTUNGANE

Ku bikorwa 69 vyaharuwe,ibikorwa **53** bijanye n'amatohoza y'ubutungane,ni ukuvuga ibice **44,9 %** vya vyose mu mabi **118 yatohojwe** n'inyishu nyinshi z'inzezo zaharuwe.Amatohoza y'ubutungane araba nka:Amatohoza y'ubutungane araba nka:amabi **37** kuri **67** y'ubwicanyi,amabi afatiye ku gitsina**13**kuri **29** ,umwe kuri **10** bahagaritse,abantu **6** banyurujwe n'umwe muri **6** baborejwe igufa.Ubwinshi bw'amatohozay'ubutungane ni ikintu ciza kubera amanyesha ko amabi menshi akomeye yakurikiranywe n'ubutungane.Ariko ugutangura amatohoza ntibikwiye vyonyene kugira hemezwe ko hari ukwagirwa n'amabi,ugukurikirana abakoze amabi canke guhana abayakoze. Ingorane yo gukurikirana inzego ziri mu bushobozi bwo gutohoza intambuko zitandukanye :kumenya abakoze amabi,kwegereanya ivyemezo,gukurikirana urubanza no gushira mu ngiro ingingo zafashe.

### V.5.2. UBUDASA BUKOMEYE HAGATI Y'AMABI

Inyishu y'inzezo zihinduka cane bivanye n'ubwoko bw'amabi. Ubwicanyi nibwo bufise inyishu nyinshi: ibikorwa**46** vyaraharuwe ku mabi **67**, ni ukuvuga **68,7 %**, mugihe atakintu na kimwe cakoze ku mabi **21** , ni ukuvuga **31,3 %**. Ku mabi afatiye ku gitsina,igikorwa cakoze catohojwe mu mabi **17** ku mabi **29**,ni ukuvuga **58,6%**,mu gihe amabi **12**,ni ukuvuga ibice **41,4 %**, atakintu nakimwe yakozweko. Ivyo bikorwa ni bike ku mabi ajanye n'uburenganzira bwo kwidagurira hamwe n'umutekano. Kuvyo guhagarikwa,ibikorwa **3** vyonyene kuri **10** yaratohojwe, ni ukuvuga ibice **30 %**, ku mabi **7** atakintu na kimwe cakoze. Ku kunyuruzwa,igikorwa kimwe carakozwe ku mabi **6**,ni kuvuga **16,7 %**, mugihe amabi **5** kuri **6 (83,3 %)** atanyishu n'imwe yo mu nzezo yatohojwe.

Kuvyerekeye kuborezwa igufa,ibintu bibiri nivyoyakozwe ku mabi **6**,ni ukuvuga **33,3 %**, ku mabi **4** atakintu na kimwe cakoze. Ubwo budasa bwerekana ko inyishu z'inzezo buguma ari buto ku mabi amwe amwe ajanye no guhungabanya ukwishira no kwizana,ku mutekano n'uburenganzira bwo kudakubagurwa ku mubiri no mu vyiyumviro vy'abantu. Amabi yo kunyuruzwa arateye amakenga ku mvo y'urugezo ruto rw'inyishu zatohojwe.

### **V.5.3. INYISHU ATARI IZ'UBUTUNGANE ZIKIRI NKE**

Turetse amatohoza y'ubutungane, amakuru ashira ahabona amatohoza yaho 9, igihano 1 n'amatangazo 6. Amatohoza yaho angana ibice 7,6 % ku mabi muri rusangi, mugihe igihano 1 catazwe muri iki gice. Urwo rugezo ruto ntirufasha kumenya, rwonyene, ko hariko canke hatariho uburyo bwo gutanga ibihano buzwi, ariko rwerekana ko ingingo zafashwe ku mugaragaro muri uyo muce bugarukira hafi uravye ku bitigiri vyose hamwe vy'amabi yatohojwe. Amatangazo 6 yaharuwe nayo ni nk'inyishu z'inze, ariko ategerezwa gutandukanywa n'ingingo z'amatohoza canke ibihano. Itangazo rya Reta si inyishu ubwayo y'ubutungane canke y'indishi ku bakorewe amabi.

### **V.5.4. UKUBURA GUKURIKIRANWA BITEYE AMAKENGAMABI**

Umwihwezo uhuye n'amabi hamwe n'inyishu z'inze ushira ahabona intambamyi nyamukuru: **ugutohoza ibintu ntibisigura bunonyene uko inzego zifatwa**. Ku mabi 118 yatohojwe, 49 ntakintu na kimwe arakorwako mu biharuro bihari. Urwo rugezo ni runini cane ku kunyuruzwa, guhagarikwa canke ku kuborezwa igufa. Ugukena inyishu zatohojwe bishobora kugira ingaruka mbi nyinshi : ukudashikira ubutungane, ingorane yo kumenya abakoze amabi, ukudahana n'uguta icizeye c'abakoze amabi mu buhinga bw'inze. Ukwo kubura inyishu bitagerezwa gufatwa nk'intambamyi zo gukurikirana kandi atari nk'ivyemezo ko indongozi zitakozwe ikintu na kimwe mu mabi yose. Ugukurikirana neza imanza vyofasha nko kumenya ibitigiri vy'amatohoza yakozwe yashitse ku kumenya neza abakoze amabi, abakurikiranwa n'ubutungane, ingingo z'ubutungane, bibaye ngombwa, ku ingingo zo gufasha abakorewe amabi.

### **V.6. UMWIHWESO W'IBIMENYETSO NYAMUKURU**

Umwihwezo uhuye n'amakuru yegeranijwe hagati yo kuwa 01 Mukakaro no kuwa 30 Nyakanga 2026 bishira ahabona intumbero nyamukuru kubijanye n'agateka ka zina muntu mu Burundi. Amabi 118 yatohojwe harimwo abakorewe amabi 131 si amatohoza yose ku mabi yakozwe ku butaka bwose bw'igihugu, ariko afasha kumenya ibintu vyisubiriza kandi mu mazone arimwo ibitigiri vyinshi bisaba gukurikirana hafi.

#### **V.6.1. UBWINSHI BW'AMABI AHUNGABANYA UBURENGANZIRA KU BUZIMA**

Ikintu ca mbere ni ubwinshi bw'amabi ahungabanya uburenganzira ku buzima. Ku mabi 67 n'abakorewe amabi 68, ubwicanyi bungana ibice 56,8 % vy'amabi yatohojwe muri rusangi n'ibice 51,9 % vy'abakorewe amabi. Urwo rugezo rusigura ko insiguro zirenga imwe kuri zibiri muri iki gice kuvyerekeye guhungabanya uburenganzira ku buzima. Uburembye bw'iyi ntumbero bukomezwa n'uko ibiziga 58 vyaratowe mu mabi yatohojwe. Ubwicanyi buri mu ntara 5 zakozweko amatohoza. Ni bwinshi cane i Gitega (ubwicanyi 30), ikurikirwa na Burunga (12), Bujumbura (11), Butanyerera (9) na Buhumuza (5). Ubwinshi bw'amabi i Gitega bukwiye kwitwararikwa cane: ubwicanyi bungana 30 ku bwicanyi 39 bwatohojwe mu ntara, ni ukuvuga 76,9 %. Urwo rugezo ruri hejuru i Butanyerera (64,3 %) n'i Buhumuza (62,5 %).

### **V.6.2. AHARI AMABI MENSHI YATOHJWE**

Ikintu ca kabiri kiraba ubwinshi bw'amabi ku butaka bumwe bumwe. **Gitega na Bujumbura birimwo vyonyene amabi 72 y'amabi 118 yatohojwe, ni ukuvuga ibice 61 % ku ri vyose.** Gitega irimwo amabi 39, ni ukuvuga 33,1 % kuri vyose, mugihe Bujumbura irimwo amabi 33, **ninukuvuga 28 %.** Izo ntara 2 zikurikirwa na Burungaku mabi 24 (20,3 %), Butanyerera ku mabi 14 (11,9 %) na Buhumuza ku mabi 8 (6,8 %).

Ubwo bwinshi butegerezwa ariko gusigurwa n'ubwigengesere. Bushobora kwerekana incuro z'amabi hamwe n'uburyo bwo gukora amatohoza, cane cane mu kuronka amakuru, ukubaho bw'ababikurikirana hamwe no guhinyuza ivyabaye. Naho biri ukwo, kubona Gitega na Bujumbura ziba intara zibiri zirimwo amabi menshi n'ibitigiri vyinshi vy'amabi ku migwi myinshi y'abayakora, ugukurikirana vyimbitse kuri izo ntara zibiri.

### **V.6.3. ABAGABO BABANGAMIWE CANE N'AMABI AJANYE N'UMUTEKANO**

Ibiharuro bitandukanye kubw'igitsina vyerekana ubudasa bukomeye kubwo ubwoko bw'amabi. d **Abahagaritswe 21 batohojwe bose ni abagabo.** Nicokimwe **ku bantu 7 banyurujwe** hamwe **n'abantu 6 baborejwe igufa.** Ku rundi ruhande, abakenyezi ni benhi cane mu bakorewe amabi afatiye ku gitsina: **abakenyezi 26 ku bantu 29 bakorewe amabi, ni ukuvuga ibice 89,7 %.** Ukwo gushira mu mice vyerekana ko amabi yatohojwe ataboneka kku buryo bumwe bivanye n'igitsina. Abagabo baboneka cane nk'abakarirwa, mu biharuro bihari, ku mabi ajanye no kwakwa uburenganzira bwo kwidagurika, ku kunyuruzwa no kuborezwa igufa, mugihe abakenyezi ari benshi mu mabi afatiye ku gitsina. Amakuru ajanye n'ubwicanyi yerekana ko hariho ukungana : **abagabo 33 n'abagore 35 mu bwicanyi 68 yatohojwe.**

### **V.6.4. INYISHU ZIDASA Z'INZEGO BIVANYE N'AMABI**

Umwihwezo w'inyishu z'inze vyerekana iyindi ntumbero ikomeye. **Ku mabi 118, amabi 69 yatohojwe yagize ico akorwako mu nzego, ku mabi 49 aho atakintu na kimwe yakozweko, ni ukuvuga ibice bikurikira 58,5 % na 41,5 %.** Ariko, urugeze rw'inyishu buhindagurika cane. Ubwicanyi buri ku rugero rw'inyishu zatohojwe ruri hejuru ku mabi angana 46 yagize ico akorwako ku mabi **67 (68,7 %).** Amabi afatiye ku gitsina arimwo **amabi 17 yagize ico akorwaho ku mabi 29 (58,6 %).**

Naho biri uko, **abahagaritswe 3 kuri 10 (30 %)** niyo yagize ico akorwaho, mugihe incuro imwe gusa yo kunyuruzwa ariyo yagize ikintu gikorwako **ku mabi 6 (16,7 %).** Ku vyerekeye ukuborezwa igufa, ibintu bibiri vyarakozwe ku mabi 6 (33,3 %). Ubudasa burangwa cane n'amabi ajanye n'ukwishira no kwizana hamwe n'ubutungane. Iyo ni aho kurindirira nyamukuru, cane cane kubera ukunyuruzwa bifise ibitigiri biri hejuru atakintu nakimwe vyakozweko.

### **V.6.5. INGORANE Z'UKUMENYA ABAKOZE AMABI BIBANDANYA**

Ugushira mu mice abakoze amabibishira ahaona amabi **43 yakozwe n'abantu bataramenyekana ku mabi 125, ni ukuvuga ibice 34,4 %.** Urwo rugero ni intambanyi zikomeye mu kumenyeka kw'abakoze amabi. Ruri hejuru cane cane i Gitega, ku mabi 16 hamwe n'i Burunga, ku mabi 12. Ku rundi ruhande, amakuru ashiramwo imigwi y'inze canke iporitike-n'umutekano, nk'igiporisi, iperereza, abasirikare abakozi bo mu ntware hamwe n'Imbonerakure. Iyo migwi ikwiza amabi **32, ni ukuvuga ibice 25,6 %.** Iyo bitigiri ntibifasha kwagiriza bunonyene umuntu umwe canke inzego. Vyerekana imigwi iri mu matohoza kandi ategerezwa guhura, mu mabi amwe amwe, ibintu vy'ivyagiriye bihari ndetse no ku vyavuye mu matohoza akwiye.

### **V.6.6. UKO BABAYEHO MU MABOHERO BIGUMA BITEYE AMAKENGA**

Mu mabohero ivyabaye ni ibintu bitandukanye ariko bifatiye kubijanye n'ugutunganirizwa. Abantu bapfunzwe bavuye ku gitigiri ca **12 267 muri Mukakaro baja ku 12 521 muri Nyakanga**,mugihe ubushobozi bwagumye ari ubwo kwakira mu bibanza **4 294**.Urugezo rw' abahari ni gutyo **292 % muri Nyakanga**.Uko bimeze biteye agahinda cane i **Muramvya (771 %)**, Mpimba **(528 %)**, Ngozi-mu bagabo **(472 %)** na **Gitega (363 %)**.

Iruhande, igitigiri c'abantu bapfunzwe ivyo agateganyo caviye ku **5 782 kija ku 6 259**, ni ukuvuga ukuduga ku bice **8,2 %**, mugihe igitigiri c'abakatiwe cavuye ku **6 388 gishika ku 6 189**. Icurika ryibonekeje muri Nyakanga,aho abantu bapfunzwe ivyo agateganyo babaye benshi gatoya gusumba abakatiwe,vyerekana ikimenyetso c'uko hakenewe ugukwirikirana bidasanze ku ruhande rw'abarongozi mu butungane .

### **V.6.7. AMABI ASHIRA AHABONA INGORANE ZIFITANIYE ISANO**

Ibiharuro vy'igice vyerekana mukurangiza ko amabi atandukanye adategerezwa kwihwezwa ku buryo bwihariye. Ibibangamira uburenganzira bw'ubuzima,ihonyangwa ry'umwidegemvyo n' umutekano,ukuboreza igufa ,ihohoterwa rifatiye ku gitsina n'ingorane zijanye n'ugupfungwa bikwega ingorane zihururwako kuvyerekeye **ugukinga amabi,ukumenya abayakora,kuronka ubutungane ,ugukora neza amatohoza n'ugukingira abakorewe amabi**.

Urugero runini cane rw'ibitigiri mu mabohero n'ukwiyongera kw'abapfungwa ivyo agateganyo vyerekana,ku rundi ruhande,ibibazo bijanye n'ubushobozi bw'urwego c'ubutungane n'amabohero mu gutunganya imanza n'uburyo bw'ugupfunga hisunzwe ibisaba n'agateka ka zina muntu. Gutyo,kimwe mu nyigisho nyamukuru z'iki gice n'uko inyishu ku vyaha idashobora kugarukira ku cikorwa ibintu vyabaye.Ibwirizwa kandi gukinga,gutabaza vyihuta,ukwitaho biboneka,ukuronka ubuhinga bw'ukwitwara,amatohoza,ukwerekana uruhara rw'umwe umwen'ugukwirikirana abakorewe amabi.



***Uwo uri wese ubahirizwa***

## VI. UGUSOZERA

Umwihwezo w'inyifato y'agateka ka zina muntu mu Burundi mu gice ca gatatu ca 2026, hisunzwe ibiharuro vyatohojwe n'umuhari uharanira agateka ka zina muntu mu Burundi« ITEKA », werekana amabi akabije akora haba ku burenganzira bw'ukwigenga no muri poritike canke ku burenganzira bw'ubutunzi, imibano n'imico kama hamwe n'uburenganzira bw'imigwi imwe imwe y'abantu babangamiwe. Yose hamwe, **amabi 118 niyo yabaye akora ku bantu 131** baharuwe hagati yo kuwa **mbere Mukakaro no kuwa 30 Nyakanga 2026** mu ntara 5 zakorewemwo n'ubuhinga bw'itohoza. **Ubwicanyi**, ku mabi 67 yakozwe ku bantu 68, bugize ahanini umugwi munini nyamukuru w'amabi yaharuwe. Bukwirikirwa n' **ihohoterwa rifatiye ku gitsina**, ku neuro 29 ryakozwe ku bantu 29, hanyuma uguhagarikwa, ukunyuruzwa n'ukuborezwa igufa.

Ukwaka uburenganzira ku buzima nivyo biza nk'ingorane nyamukuru gusumba ibindi muri iki gice. Incuro zatohojwe ziri mu ntara zose uko ari 5, ku rugero rudasanze i **Gitega**, bigizwe n' incuro 30 ku bwicanyi 67. **Ibiziga 58 vyatowe** mu neuro zatohojwe biza vyunyura ubwo bwicanyi, n'aho nyene ugutora ikiziga bidatuma vyonyene, hamenyekana neza uko umuntu yapfuye canke uruhara rw'abamwishe. Umwihwezo wo ku butaka bw'igihugu cose werekana ku rundi ruhande ko amabi yatohojwe ari menshi i **Gitega na Bujumbura**, hari kuri bose **61 % y'amabi** aharurwa mu gice. Ubwo bwinshi busigura ko bikwirikirana cane muri izo ntara zibiri, tunibutsa ko ibiharuro vy'umuhari vyerekana incuro zatohojwe kandi zigahinyuzwa n'ubuhinga bw'ukurereka kandi ntibigize urutonde rukwiye rw'amabi yakozwe ku butaka bw'igihugu.

Ugushira mu migwi abakorewe amabi dufatiye ku gitsina vyerekana amashusho atandukanye mu mabi yakozwe. Abahagaritswe, abanyurujwe n'ababorejwe igufa batohojwe bose bagizwe n'igitsina gabo, mugihe abagore nagizwe na **89,7 % y'abakorewe ihohoterwa rifatiye ku gitsina**. Uko gutandukanya kwerekana ko hakenewe gushirwaho ubuhinga bwo kuzitira, gukingira no gufata mu minwe ivyago runaka bishikira imigwi itandukanye y'abantu. Ukumenya abakora amabi navyonyene biguma bigorana cane. Abantu batamenyekanye bangana na **34,4 % y'imigwi y'abakoze amabi** yaharuwe baharuwe. Ivyo bigabanya ubushobozi bwo gushiraho vyihuta uruhara kandi vyerekana akamaro k'amatohoza nyezina, yigenga n'ishaka. Iruhande, imigwi imwe imwe. Iruhande, imigwi imwe imwe ijanye n'inzego za Reta, iz'umutekano n'imigambwe canke abanywanyi bayo biboneka mu matohoza. Ukubashiramwo naho biri uko ntibishoka vyerekana ry'umwe umwe canke urwego : ivyo bitegerezwa kuva mu matohoza abijejwe.

Inyishu y'inzego ni iyindi nyigisho ikomeye y'iki gice. Igikorwa kimwe caratohojwe mu mabi **69 yo muri 118 yabaye**, ni ukuvuga **58,5 %**, mugihe atanakimwe cakozwe ku mabi 49. Amatohoza y'ubutungane ni nyamukuru mu nyishu yatohojwe. Ariko rero, urugero rw'inyishu itandukanye ruhinduka biboneka bivanye n'ubwoko bw'amabi. Ukunyuruzwa, uguhagarikwa n'ukuborezwa igufa vyerekana ibitigiri biri hejuru aho ata nakimwe cakozwe. Ivyo bisaba ugukomeza gukwirikirana ibirego n'amatohoza kugirango ukugurura ibikorwa bishobore, mugihe ivyemezo bifashije, kudushikana ku mwidondoro w'abakoze amabi, ku gukwirikirana n'ugushira ahabona uruhara rw'umwe umwe. Uko abanyororo bamerewe navyo birateye agahinda. Abapfungwa bavuye ku gitigiri c'abapfungwa **12 267 muri Mukakaro kija ku 12 521 muri Nyakanga**, ku ubushobozi pour une bw'ibibanza **4 294**. Urugezo rwa bose gutyo rwashitse hafi **292 %** muri Nyakanga. Amabohero amwe amwe afise urugero ruteye ubwoba, nka **Muramvya, Mpimba, Ngozi-Abagabo na Gitega**.

Ihindagurika ry'ugupfunga ivyo agateganyo bisaba kwitonderwa cane. Igitigiri c'abantu bapfunzwe bataraburana cavuye ku **5 782 kija ku 6 259** muri kino gice, mugihe igitigiri c'ababuranye cagabanutse kuva ku **6 388 gushika ku 6 189**. Muri Nyakanga, abantu bapfunzwe ivyo

### III. UGUSOZERA (Ibikurikira urupapuro 34)

agateganyo nabo gutyo barasumba gatoya abamaze gukatirwa. Iryo hindagurika rikomeza kubona ko hakenewe gusuzuma ku mwanya ku mwanya imanza zirindiriye, ukubahiriza ibiringo vyo kuburana n'ugukoresha ingingo zisubirira gupfunga iyo hakoreshejwe amategeko. Hejuru y'amabi afitaniye isano n'umutekano n'umwidegemvyo, ibiharuro vy'iki gice biranashira ahabona ingorane zikora ku burenganzira bw'imibano, nko kuronka **amazi, ubuvuzi n'indero** mu burere bumwe bumwe. Izo ngorane, mugihe vyobandanya canke bigakora cane cane ku banyagihugu b'impahazwa, bishobora kwongereza ubukene bwabo hamwe no kugira izindi ngorane.

Muri rusangi, ivyabonetse mu gice ca gatatu 2026 vyerekana ko ingorane nyamukuru zitari gusamu gihe c'amabi, ariko kandi mu bushobozi bw'ubuhingabw'inzego **mu gukinga amabi, mugukora amatohoza, mukumenya abakoze amabi, kworosha gushikira ubutungane, gukingira abakorewe amabi, no gukurikirana neza imanza zatanguye**. Umuhari ITEKA ufata ko kuva uguteguteza imbere ivyerekeye agateka kazina muntu bisaba uburyo bushira hamwe ugukinga, abakoze amabi no guhana. Ukurwanya ukudahana bitegerezwa kujana n'ugukomeza ubuhinga bw'ibirego n'amatohoza, gukingira abakorewe amabi hamwe n'ivyabona, guteza imbere uburyo bwo gupfungwamwo hamwe no gukurikirana cane abanyororo.

Ubwanyuma, amakuru yatororokanijwe muri iki gice yemeza akamaro ko gukurikirana amatohoza yigenga, ku gihe, akomeye kandi atandukanye y'ivyerekeye agateka ka zina muntu. Mu ntumbero yaho abakoze amabi benshi ntibaramenyekana kandi aho inyishu zimwe zimwe z'inze zitatohojwe neza, kubandanya gukurikirana imanza bigira ibikoreshe nyamukuru kugira hapimwe ugutera imbere nyabwo vy'ivo bihe hamwe no gushima, hakiri kare, ingizo zibereye zafashwe n'indongozi.



**Uwo uri wese ubahirizwa**